



Modul Pengayaan

Bahasa Jawa

untuk SMA/MA dan SMK/MAK

3A

KATA PENGANTAR

Buku sebagai salah satu media pembelajaran yang berperan penting dalam meningkatkan sumber daya manusia khususnya para siswa. Dalam perkembangannya buku bukan hanya sebagai media penyampaian informasi kepada siswa melainkan juga sebagai media yang mengajak siswa untuk secara aktif mengembangkan potensi dirinya.

Sebagai bentuk partisipasi kami dalam memajukan pendidikan di Indonesia kami berusaha menerbitkan buku yang mengacu pada tingkat kebutuhan guru dan siswa dengan tetap berpedoman pada standar isi kurikulum 2013.

Dalam buku ini kami menyajikan Materi Pembelajaran, Aktivitas Mandiri, Aktivitas Kelompok, Uji Kompetensi, Perbaikan, Pengayaan, dan Latihan Akhir Semester sebagai tolok ukur keberhasilan siswa dalam belajar. Di samping itu kami juga menyajikan Jendela Informasi sebagai wawasan tambahan siswa dalam melihat kaitan ilmu yang dipelajari dengan perkembangannya di dunia luar.

Kami mengucapkan terima kasih kepada para guru dan siswa yang telah memilih dan menggunakan buku ini. Semoga, setelah menggunakan buku ini dapat meningkatkan hasil proses belajar-mengajar yang maksimal dalam upaya peningkatan mutu Sumber Daya Manusia melalui Sekolah Menengah Atas.

Selamat Belajar

Hormat kami,
Tim Redaksonal

DAFTAR ISI

WULANGAN 1 WEDHATAMA PUPUH KINANTHI

A. Paugeran Tembang Kinanthi	4
Gladhen Mandhiri 1	5
B. Serat Wedhatama Tembang Kinanthi	5
Gladhen Mandhiri 2	7
C. Teknik Panulisan, Nyuting, Ian Nyajekake Tembang Kinanthi	8
Gladhen Mandhiri 3	9
Pungkasan	10
Pandadaran	10

WULANGAN 2 NYINAU GEGURITAN

A. Ngeungi Geguritan	15
Gladhen Mandhiri 4	16
B. Teknik Maca Jan Panulisan Geguritan	18
Gladhen Mandhiri 5	20
Pungkasan	20
Pandadaran	21

WULANGAN 3 NYINAU BUSANA ADAT JAWA

A. Teks Deskripsi	25
Gladhen Mandhiri 6	26
B. Kawruh Kagungan Basa Sajroning Teks Deskripsi	26
C. Cara Nanggapi Teks Deskripsi	28
D. Teknik Nulis Ian Nyuting Teks Deskripsi	29
Gladhen Mandhiri 7	31
Pungkasan	31
Pandadaran	32

WULANGAN 4 TEKS EKSPOSISI BABAGAN GAMELAN JAWA

A. Teks Eksposisi	36
Gladhen Mandhiri 8	37
B. Nemokake Pokok-Pokok Wos Teks Eksposisi	37
C. Nyusun Ian Nyunting Teks Eksposisi	38
Gladhen Mandhiri 9	39
Pungkasan	39
Pandadaran	40

WULANGAN 5 PARAGRAF AKSARA JAWA MAWA AKSARA SWARA

A. Maca Paragrap Aksara Swara	44
Gladhen Mandhiri 10	47
B. Nulis Paragraf Nggunakake Aksara Swara	49
Gladhen Mandhiri 11	51
C. Teknik Nyunting Paragraf Aksara Jawa	51
Pungkasan	53
Pandadaran	54
Pandadaran Pungkasan Semester	60
Kapustakan	64

BAB 1

WEDHATAMA PUPUH KINANTHI

Komponen Silabus

Kompetensi Inti:

1. Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang diikutinya
2. Menghayati mengamalkan perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (gotong royong), kerjasama, toleran, damai, santun, responsif dan proaktif dan menunjukkan sikap sebagai bagian dari solusi atas berbagai permasalahan dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam serta dalam memperbaiki diri sebagai cerminan bangsa dalam pergaulan dunia.
3. Memahami, menerapkan, menganalisis dan mengevaluasi pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, dan metakognitif berdasarkan rasa ingintahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemerdekaan, kebangsaan, kenegarian dan pengetahuan terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menciptakan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah
4. Mengalih, menerjemah, menyajikan dan menopong dalam ranah konkret dan ranah abstrak terkait dengan pengembangan dari yang dipelajarinya di sekolah secara mandiri serta bertindak secara efektif dan kreatif, dan mampu menggunakan metoda sesuai kaidah-kaidah.

Kompetensi Dasar:

- 1.1 Menerima, menyukuri, menghayati, dan mengamalkan anugerah Tuhan berupa bahasa Jawa dalam bentuk teks Serat Wedhatama pupuh Kinanthi
- 2.1 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (gotong royong), kerjasama, toleran, damai, santun, responsif, dan proaktif dalam menggunakan bahasa Jawa melalui teks Serat Wedhatama pupuh Kinanthi
- 3.1 Melelaah teks Serat Wedhatama pupuh Kinanthi
- 4.1 Menanobati teks Serat Wedhatama pupuh Kinanthi dan merule, serta menyajikan ayat tembang Kinanthi dengan bahasa sendiri

Pendahuluan



Akeh serat Jawa kang ngandhut ngelmu lan prwlang kang kasimpun sajroning serat Jawa klasik. Tuladha poling gampang nganti saiki naskah serat Jawa klasik kuna iku kasimpun ing perpustakaan Leiden Belanda. Akeh wong saka negara manca sinau bab naskah Jawa. Mula kita minangka pewaris kabudayaan Jawa kudu gelem nyukuri kanugrahaning Gusti Kang Mahameruah kinanti nyinau kabudayaan Jawa secara turunmen.

Mula ing wulangan iki, para siewa diajak nyinau bab kabudayaan Jawa Serat Wedhatama mligine pupuh Kinanthi. Serat Wedhatama iku minangka serat asli Jawa kang dianggit dening KGPAAL Mangkunegara IV. Apa iku serat Wedhatama? Képriye carane menehi panemu marang tembang macap? Kanggo mangsuli pitakon-pitakon kasebut, sinauen wulangan iki kinanti premari!

A. Paugeran Tembang Kinanthi

1. Guru Gatra, Guru Wilangan lan Guru Lagu Tembang Kinanthi

Tembang iku sejatine kalebu rerengganing basa, mula tembang iku padha karo tulisan sing pinathok sarta pamacane kudu kanthi cara dilagokake.

Tembang Kinanthi iku kalebu peranggane tembang macapat, amarga kawengku dening paugeran yaiku guru gatra, guru wilangan lan guru lagu.

- Guru gatra, yaiku cacahie larikan saben sapada tembang macapat.
- Guru wilangan, yaiku cacahing wanda saben gatrane tembang macapat.
- Guru lagu, yaiku tibuning swara saben pungkasane gatraning tembang macapat.
- Sasmita tembang, yaiku unen-unen utawa tetembungan sing kena kanggo menehi tandha utawa pralambang jerenge tembang. Dene dununge sasmita iku ora ajeg, bisa ana ngarep, tengah utawa mburi.
- Watake tembang, yaiku watek sing diwuweni dening saben tembang.

Keterangan kaya ing ngisor iki:

Gatra	Guru wilangan	Guru lagune tiba swara
Gatra - 1	8 wanda	tiba swara suku/ u
Gatra - 2	8 wanda	tiba swara wulu/ i
Gatra - 3	8 wanda	tiba swara nglelegena/a
Gatra - 4	8 wanda	tiba swara wulu / i
Gatra - 5	8 wanda	tiba swara nglelegena/ a
Gatra - 6	8 wanda	tiba swara wulu / i

Cathetan: tembang Kinanthi iku-guru lagune saben gatra, tibuning swara beda-beda.

Sasmitane tembang Kinanthi: Kanthi, gandheng, ganthet, kanthet.

Watake tembang Kinanthi yaiku: seneng, tresna, asih, grapyak, ngemu surasa pangarep-arep, gandrung kang seneng nanging sakepenake.

Gunane kanggo werla-werna, kayata kanggo medhar piwulang, utawa pituduh, seneng-seneng, nglelipur.

2. Unsur kango Ambangun Teks

Kaya sing wis diterangkan ing dhuwur, manawa tembang Macapat iku kawengku dening paugeran guru gatra, guru wilangan lan guru lagu. Ananging sejatine ana rerengganing basa liyane sing ambangun rerengganing tembang Macapat, yaiku:

- Laras yaiku swara iramaning gamelan utawa swara thinthingane gamelan. Utawa runtute swara gamelan.
 - Titi laras yaiku tulisan utawa tandha sing bisa nggamarake endhek dhuwuring swara utawa tulisan angka sing ana wilangan gamelan sing nggamarake swara siji-sijine wilangan gender.
 - Cakepan yaiku unen-unen utawa terangkening tetembungan kang ana sajroning tembang.
 - Pathet yaiku dhasar endhek dhuwuring larase swara gamelan.
 - Pedhotan yaiku tatacarane medhot tetembungan supaya kepenak diwaca ing sajroning gatrane tembang.
 - Andheg yaiku selehing swara saben gatra.
 - Luk yaiku ngengkokake/mbengkongake titilaras. Tumrap Macapat sawanda luk ora nganti telung titilaras.
 - Gregel variasi munggah-mudhune titilaras sing ora ana luke, kareben luwih kepenak dirungokake, kaya ana titilaras tambahan nanging ora katulis.
 - Cengkok yaiku cirine tembang antarane tembang siji lan sijine. Tuladha Sinom Grandhei lan Sinom Parijatha, Dhandhanggula Buminatan lan Dhandhanggula Banjet lan sak piturute.
- Mangkono bab sing kawatas ambangun regenging teks tembang Kinanthi satemah manawa dilagokake laras dirungokake.

**Wangsulan-pitakon-ing ngisor iki kanthi wangsulan kang bener**

1. Apa dhasare tembang Kinanthi iku diarani tembang Macapat?
2. Nitik guru gatrane tembang Kinanthi iku kepiye panemumu?
3. Terangake guru wilanganie tembang Kinanthi?
4. Apa bedane luk karo gregel iku?
5. Apa gunane anane cengkok sajroning tembang iku?

B. Serat Wedhatama Tembang Kinanthi**1. Pitutur Luhur Sajroning Serat Wedhatama Tembang Kinanthi**

Tembang Macapat iku nduweni nges jalaran surasaning tembang ndayani marang batine wong sing ngrungokake utawa wong padha maca caketan tembang kasebut.

Gatekno tembung kang mawa tembang Kinanthi ing ngisor iki!

Tembung	Tegese tembung
Mangka	Kang dadi, kang dianggep dadi, minangka
Kanthining	Saka tembung kanthi rowang, kang minsangka kanca, kalawan, dibarengi
Tumuwuh	Dumadi (barang ungg) tegese tembung tuwuhan: thukul, mundhak-mundhak gedhe, timbul, turun
Salami	Salawasse, sasuwone
Awas	Bisa ndeleng, landhep pandelenge, waskithe
Eling	Enget, pikiran pulih aya sekawit, ngerti maneh marang perkara sing wis iukitaning
Iukitaning	Tetembungan, karangan, rumpukan
Alam	Jagad, donya
wiryaning	Kendel, kuwasa, mulya, luhur
dumadi	Titah, kabeh kang dititahake
Supadi	Supaya, mutih/amrih kelakon mangkono
Nir	Ilang, musna, tanpa
Sangsaya	Reksa, sedhih
Yaku	Ya iku
Pangreksaning	Awit-saka panjaganing, panungguning
Urip	Gesang, sugeng, bisa mobah mosik, gedhe
Marma	Duwe welas marang, duwe palimarma
Den	Di, anggone
Taberi	Sregep lan tlaten
Kulup	Thole, anggar
Angulah	Nindakake, marsudi, ngudi
Lantiping	Gathekan, landheping pikiran
Ati	Manah, galih, jantung, telenging rasa batining manungsa, rasa rumangsa, pangrasa
Anedya	Sumedya, nedya, duwe niyat
Pandak-panduking	Betah, tahan
Pambudi	Pangerti, bebuden, anggone ngudi
mBangkas	Dirampungi, disimakake
Kahardanirig	Pangangsa-angsa, ngangsa, murka, hawa nepsu
Driya	Indriya, ati, karep
Supadya	Supaya, mutih/amrih kelakon
Dadya	Dadi, ana, maujud
Utami	Utama, becik, linuwih

Isine pitutur luhur kang ana sajroning Serat Wedhatama ing tembang Kinanthi rong pada kasebut mangkene:

Pada kapisan

Cakepan tembang Kinanthi	Pitutur kang ana sajroning tembang
Mangka kanthining turmuwuh	Kang dadi lantaraning dumadi
Salami mung awas eling	Salawase amung tansah awas lan eling
Eling lukitaning alam	Eling marang mobah-mosiking alam
Dadi wiryaning dumadi	Kang dadi panguwananing kang Maha Kuwasa
Supadi nir ing sangsaya	Supaya luwar saka rekasa
Yeku pengreksaning urip	Yaiku awit saka panjaganing urip

Pada kapindho

Cakepan tembang Kinanthi	Pitutur kang ana sajroning tembang
Marma den taberi kulup	Kudu tansah sregep lan tiaten angger
Angulah lantiping ati	Anggone anggulawentah lantiping ati
Rina wengi den anedy	Rina wengi anggone duwe niyat
Pandak-panduking ing dumadi	Kudu betah anggone ngudi
mBengkas kahardaning driya	Nyimake ubaling hawa nepsu kang ana njero ati
Supadya dadya utami	Supaya-dadi wong utama

2. Relevansi Pitutur Luhur karo Kahanan Masyarakat Jaman Saiki

Salah siji pupuh kang ana sajroning Serat Wedhatama, yaiku pupuh Kinanthi. Kinanthi ateges dikanthi-kanthi utawa dierahke lan dibimbing supaya dadi manungsa sejati kang tansah njaga bumi pertiwi.

Pupuh Kinanthi sajroning Serat Wedhatama ngandhut isi piwulang ngenani babagan ing ngisor iki.

- a. Nglandhepake pangrasa utawa lantiping ati supaya nyingsirake hawa nepsu murih dadi manungsa kang nduweni budi pakarti kang luhur kanthi cara semedi saka karamean saengga antuk katenangan ati lan jiwa.
- b. Supaya tansah waspada kanggo mangerteni pengalaman sajroning urip (mawas dhiri) lan tansah ngilangake pangrasa mamang sajroning ati supaya mantep antuke njumangkah nindakake kebecikan.
- c. Ngilangake iri, dengki, ora gampang muntab, ora seneng ngganggu wong liya, lan ora ngunggutake hawa nepsu, nanging amung meneng supaya anteng.
- d. Piwulang supaya tarisah ngenut kebecikan-kebecikan kang wis diwulangake minangka panjangka nggayuh kamulyan.

Cabe gatekna serat Wedhatama ing tembang kinanthi ing ngisor iki!

Kautaman

Simakna semangcing kalbu,
Den waspada ing paneksi,
Yeku datarling kasdar,
Sinuda saka sethik,
Pamothoning napsu hawa,
Linalith mamrih tibh

Aywa-mamatuh natutuh,
Tanpa tuwas lanpa kasih.
Kasalibuk ing arabeda
marma dipunngab-ati,
Urip keh rencananira,
Sambekala den-kalling

Piwulang kang bisa dijupuk saka tembang Kinanthi kang kephthik saka serat Wedhatama yaiku:

Singkima rasa susahing ati,
Padha waspada ing pandelenga,
Yeku datarling pati,
Ambudidaya nyuda sethik mbaka sethik,
Pamothoning hawa nepsu,
Dilalith sapaya bisa meneng.

Aja ajeng hindakake perkara sing ala,
Tanpa bebungah opahing kangelan tanpa asih.
Kang Kasalibuk marang kekarepan kang ala,
Mule saka kuwi kudu padha ngati-ati,
Urip iku akéh godha rencanane,
Sambekala kudu diwaspadakake.

Manawa gelem nggatekne kanthi temen-temen apa sing isih gathuk isine pitutur sajroning tembang Kinanthi kasebut, karo kahanan panguripan manungsa jaman saiki. Dudutan pawulang kang ana sajroning tembang kasebut yaiku:

Wong iku kudu mbudidaya ngedohi perkara sing anjali susuhanging atine, tansah waspada marang dalening pati, panyudane kanthi sithik mbaka sithik, amarga hawa nepsu kudu dipeper, supaya bisa menangake ubaling hewa nepsu kasebut.

Aja nganti kulina dumindak kang aia, perkara sing ora ana gunana, yaiku sawemaning kekarepan kang aia, mula saka kuwi saranahe kudu tansah ngati-ati, ngrumangsani manawa unip iku akeh godha rencana, kabeh sambekala iku kudu diwaspadakake.

3. Nanggapi Isi Teks Tembang Kinanthi

Gatekna teks tembang Kinanthi ing ngisor iki!

Upamane wong lumaku,
Marga gawat den-liwati.
Lamun kurang ing pangarah,
Sayekti kerendhet ing ni.
Apese kesandhung padhas.
Babak-bundhas anemahi.

Lumrah bae yen kadyeku,
Atatamba yen wis buck.
Duweya kawruh sabodhag,
Yen tan nartari ing kapti.
Dadi kawruhe kinarya
Ngupaya kasil lan melik.

Gancaraning tembang Kinanthi kang kepethik saka Serat Wedhatama.

Teks tembang Kinanthi	Serat Wedhatama	Gancaran saben gatra
Upamane wong lumaku	Upama wong iku lagi misiku	
Marga gawat den-liwati	Ngliwati dehan kang gawat banget	
Lamun kurang pangarah	Manawa kurang ngati-ati	
Sayekti kerendhet ing ni	Bakal kerendhet-rendhet eni	
Apese kesandhung padhas	Saora-orane nyandhung padhas utawa watu	
Babak bundhas anemahi	Ora wurung bakal babak bundhas	
Lumrah bae yen kadyeku	Lumrah wae wong yen kaya mangkono iku	
atatamba yen wis buck	Yen wis babak bundhas lagi golek tambo	
Duweya kawruh sabodhag	Sanadyan duwe kawruh sing akeh	
Yen tan nartari ing kapti	Nanging yen ora gelem manut tatanan	
dadi kawruhe kinarya	Kawruhe dienggo makarya minangka	
Ngupaya kasil lan melik	Ngupaya asil kang gedhe lan nduweni pamrik	

Tanggapan isi teks tembang Kinanthi kang kepethik saka Serat Wedhatama:

Dudutan:

Ibarate wong nduweni kekarepan apa wae, mesthi bakal ngadhepi wama-warna pepalang, manawa ora ngati-ati ngadhepi kahanan iku, wusana bakal antuk alangan, saora-orane bakal gawe larane awak.

Manungsa kulina tumindak ora ngati-ati, rumangsane yen wis kebecut antuk panandhang, sanadyan duwe kawruh kang dhuwur, nanging kawruh ora ditrepake anggone makarya, kawruhe kanggo golek bandha donya saokeh-okeha kanthi kebak ing pamrih.

Gladhen Mandhiri 2

Tindakna kaya parentah ing ngisor iki!

- Dhiskusekake karo kanca-kancamu teks tembang Kinanthi ing ngisor iki;
- Gawe basa gancarane
- Gawe dudutan asiling tanggapan tumrap isine teks tembang Kinanthi kasebut.

Teks tembang Kinanthi 2 pada kepethik saka Serat Wedhatama:

Meloke yen arsa muluk
Muluk ujare ir Waai
Wola-wali nora nyata
Anggepe pandhita luwih
Kaiuwhane tan ana
Kabeh tandha-tandha sepi.

Kawruhe mung ana wuwus,
Wuwuse gumaib-gaib
Kastring thithik tan kena,
Mencereng alise gathik,
Apa pandhita antiga,
Kang mangkono ku kaki

C. Teknik Panulisan, Nyuting, lan Nyajekake Tembang Kinanthi

1. Teknik Panulisan Tembang Kinanthi

- Supaya gampang anggone nulis tembang kinanthi, sira bisa nendakake leleku ing ngisor iki.
- Sadurunge nulis cakepan tembang Kinanthi luwih dhisik kudu mangerleni paugeran tembang Kinanthi yaiku guru gatra, guru wilangan lan guru lagune.
 - Saben siswa kadhwahan nulis cakepan teks tembang Kinanthi kanthi basa lan sagaduking kawruhe dhewe-dhewe.
 - Kanggo nggampangake nulis digawe ngengrengan dhisik, sabanjure isenana ceceg-ceceg wanda kang jumbuh.

Tuladha:

Sawise digawe ngengrengan para siswa bisa ngiseni ceceg-ceceg kaya mangkene:

Gatra	Cakepan/teks tembang Kinanthi sajroning guru wilangan								Guru Lagu
1	Wa-	jib-	e	mu-	rid	pu-	ni-	ku	tiba swara suku/u
2	Ku-	du	sre-	gep	ngu-	di	ngel-	mi	tiba swara wulu/i
3	Pa-	ngu-	di-	ne	sa-	ben	di-	na	tiba swara nglegena/a
4	Da-	tan	men-	dha	ing	pa-	nges-	thi	tiba swara wulu/i
5	Kang	su-	si-	la	ta-	ta	kra-	ma	tiba swara nglegena/a
6	Mang-	ka	a-	ji-	ning	pri-	ba-	di	tiba swara wulu/i

Cakepan komplit kaya mangkene:

Wajibe mund puniku
Kudu sregep ngudi ngaimi
Pangudine saben dia
Datan mendha ing pangesthi
Kang susila tatakrama
Mangka ajining pribadi

2. Teknologi Nyunting Tembang Kinanthi

Saben siswa kadhwahan nyunting cakepan teks tembang Kinanthi kanthi basa lan sagaduking kawruhe dhewe-dhewe.

Tuladha teks tembang Kinanthi tulisan dhewe.

Mripat nganthuk kroso turu
Supoyo nganthuke mari
Kudhu turu sawetara

Ono papan kang piniji
Iku kinaryo tetombo
Tetombo kang tanpo aji

Sabanjure teks tembang Kinanthi sing ditulis dening kancamu kasebut bisa disunting mbok manawa guru gatra kurang utawa keluwihen, guru wilangan ana sing kurang utawa keluwihen, guru lagune ana sing ora cocok karo dhong-dhinge.

Teks tembang Kinanthi tulisan kancan	Teks tembang sawise disunting	Keterangan asil panyuntingan
Mripat nganthuk kroso turu	Mripat ngantuk krasa turu	Nganthuk = ngantuk, kroso = krasa
Supoyo nganthuke mari	Supaya ngantuke mari	Supoyo = supaya, nganthuke = ngantuke
Kudhu turu sawetoro	Kudu turu sawetara	Kudhu = kudu, sawetoro = sawetara
Ono papan kang piniji	Ana papan kang piniji	Ono = ana
Iku kinaryo tetombo	Iku kinarya tetamba	Kinaryo = kinarya, tetombo = tetamba
Tetombo kan tanpo aji	Tetamba kang tanpa aji	Tetombo = tetamba, tanpo = tanpa

3. Nyajekake Tembang Kinanthi kanthi Tulisan utawa Lisan

Ing ngisor iki ana cakepan tembang Kinanthi kang kapethik saka Serat Wedhatama, uga ana titi laras tembang Kinanthi Laras Slendro Pathet Sanga.

Mangka ta kang aran laku
Lokune ngelemu sajafi
Tan dahwen pati operan
Tan panaster nora jahil
Tan jurungi ing kahardan
Amung aneng mamih ening

Titi laras tembang Kinanthi Laras Slendro Pathet Sanga

5	6	6	6	6	1	2	2
2	2	1	1	6	6 1	5	6
5	6	1	1	1	1	1	6 1
5	5	5	5	5	2	3 2	1
1	2	3	5	5	5	5	5
3	2	2	2	2	3 2	3	5

Cakepan lan titi laras didadekake siji banjur ditembangake

Tembang Kinanthi Laras Slendro Pathet Sanga

5	6	6	6	6	1	2	2
Mang-	ka	ta	kang	a-	ran	la-	ku
2	2	1	1	6	6 1	5	6
La-	ku-	ne	ngel-	mu	se-	ja-	ti
5	6	1	1	1	1	1	6 1
Tan	dah-	wen	pa-	ti	o-	pen-	nan
5	5	5	5	5	2	3 2	1
Tan	pa-	nas-	ten	no-	ra	ja-	il
1	2	3	5	5	5	5	5
Tan	nju-	rung-	1	ing	ka-	har-	dan
3	2	2	2	2	3 2	3	5
A-	mung	s-	neng	mam-	prih	e-	ning

Gladhen Mandhiri 3

Cakepan tembang Kinanthi ing ngisor iki dhapukake karo titi laras supaya bisa ditembangake.

Cakepan Tembang Kinanthi kang kapethik saka Serat Wedhatama

Kaunanging budi luhung

Bangkit ajur-ajur kaki

Yen mangkono bakal cikal

Thukul wijining ulam

Nadyan bener kawruhira

Yen ana kang nyulayani

5	6	6	6	6	6	6	6
6	1	1	1	2	3, 4	5	6
5	6	1	1	1	1	1, 2	1
6	5	5	5	4	5, 4	2	1
1	2	4	5	5	5	5	5
4	4	2	1	2	4	4, 5	5

Pada
nada

Keterangan Sawetara

Serat Wedhatama iku isi piwulang kang luhur, kanggo nggugulang ing putra, siswa, prayoga banget. Isine dikedhu kaya-kaya ora bekai entek, dilrepake ing jaman kapan wae ya prayoga, mathuk, lan gathuk.



Pungkasen

- Tembang Kinantri iku kalebu tembang Macapat.
- Tegese kinantri yaiku dikarathi-karathi utawa diarahake lan dibimbing supaya dadi manungsa sejati kang tansah niaga bumi perwi.
- Tembang Kinantri iku kawengku ing guru gatra guru wilangan lan guru lagu
- Watake tembang Kinantri yaiku seneng lan asih amarga wong kang nembe bae omah-omah atine seneng banget, tansah asah, asih, lan asuh.
- Wedhatama tegese kawruh kang utama, kamangka Wedhatama yaiku sawijing kitab wulang utama ajaran
- Pupuh Kinantri ing serat wedhatama ngandhut kaendahaning basa ing bab dhiksi (pamilithane tembung) lan puwakantri (swara, sastra, utawa tetembungan kang padha ing sajroné ukara)
- Lelakune kang dilindakake anggone nulis tembang karthi gampang, yaiku:
 - 1) Maca ilustrasi kang sumadya utawa gawe ilustrasi kang selaras tema.
 - 2) Nulis kumpulan tembung kang ana ing ilustrasi kasebut.
 - 3) Nulis paugeran tembung (guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan).
 - 4) Nyusun lari nata kumpulan tembung kang wis ditemokake dadi tembang kang manut karo paugerane.
 - 5) Nyuting utawa ngoreksi maneh tembang kang digawe karthi nggatekake teknik lanjutan lan kaendahaning basa.

PANDADARAN

- A. Wenehana tandha (x) ing salah sawijining aksara a, b, c, d, utawa e, yaiku wangsluan sing koanggep paling benert!
1. Cacahing larikan saben sapada tembang Macapat iku diarani ...
 - a. guru gatra
 - b. guru wilangan
 - c. guru lagu
 - d. guru pada
 - e. guru sastra

2. Sing dadi etungan ana ing guru wilangan yaiku cacahing ...
 a. aksara
 b. wanda
 c. tembung
 d. ukara
 e. wacana
3. Guru galrane tembang Kinanthi ana ...
 a. 4 lark
 b. 5 lark
 c. 6 lark
4. Tembang Kinanthi beda karo tembang Macapat liyane amarga saben gantra, nduweni guru wilangan cacahing wanda ...
 a. ora padha
 b. meh padha
 c. ora ajeg
5. Saben gatra sajrone tembang Kinanthi nduweni guru wilangan cacah ...
 a. 6 wanda
 b. 7 wanda
 c. 8 wanda
6. Guru lagune tembang Kinanthi ing gatra kapisan tiba swara ...
 a. nglegena / a
 b. wulu / i
 c. suku / u
 d. taling / e
 e. taling tarung / o
7. Ing tembang Kinanthi, gatra kaping loro guru lagune yaiku ...
 a. nglegena / a
 b. wulu / i
 c. suku / u
 d. taling / e
 e. taling tarung / o
8. Sajroning tembang Kinanthi gatra kaping telu tiba swara ...
 a. nglegena / a
 b. wulu / i
 c. suku / u
 d. taling / e
 e. taling tarung / o
9. Gatra kaping 4 ing tembang Kinanthi sing guru lagune tiba swara ...
 a. nglegena / a
 b. wulu / i
 c. suku / u
 d. taling / e
 e. taling tarung / o
10. Ing gatra kaping 5 unine mangkene "Pesunen sariranira", larikan iki tiba swara ...
 a. nglegena / a
 b. wulu / i
 c. suku / u
 d. taling / e
 e. taling tarung / o
11. Ing ingsor iki larikan tembang kang tiba swara wulu / yaiku ...
 a. padha gulangen ing kalbu
 b. aja pijer mangan nendra
 c. Anoman malumpat sampun
 d. prapteng witing nagasari
 e. mulat mangandhap katingal
12. Tembang Kinanthi iku watake, kaya ing ngisor iki, kajaba ...
 a. seneng
 b. grapyak
 c. asih
13. Serat Wedhatama kang sajerone ana cakepan tembang Kinanthi iku minarigka liyasane ...
 a. KGPAI Mangkunegara IV
 b. KGPAI Mangkunegara VI
 c. Paku Buwana IV
 d. Paku Buwana V
 e. Pakubuwana VI
14. Sasmitane tembang Kinanthi kaya ing ngisor iki, kajaba ...
 a. kanthi
 b. gandheng
 c. kanthet
15. Cacahing wanda saben larikaning tembang iku diarani
 a. guru pada
 b. guru gatra
 c. guru wilangan
16. Guru lagu iku tibanning swara ing saben pungkasaning ...
 a. tembung
 b. ukara
 c. wilangan
17. Mangka kanthine tumuwuh. Tembung kang minangka pungkasining gatra tibanning swara, yaiku ...
 a. mangka
 b. minangka
 c. kanthi

18. Salami mung awas éting. Larikan iku manawa diwaca minangka guru wénggitan lagune yaiku
- 7 wanda tiba swara nglegena / a
 - 8 wanda tiba swara wulu / i
 - 9 wanda tiba swara suku / u
 - 10 wanda tiba swara nglegena / a
 - 11 wanda tiba swara suku / u
19. Swara iramaning gamelan utawa swara thinthingane gamelan iku diarani
- pathet
 - laras
 - cengkok
 - luk
 - gregel
20. Cakepan tembang iku nduweni teges kaya ing ngisor iki
- unen-unen sing gurnathok
 - unen-unen kang nduweni teges
 - unen-unen ana maksude
 - unen-unen sing ora bisa diowahi
 - unen-unen rerangkening tembung ana sajroning tembang
21. Dhasar endhek dhuwuning larase swara gamelan, iku diarani
- pelog
 - slendro
 - pathet
 - cakepan
 - balungan
22. Wong sing bisa nembang adhedhasar mung saka ngrungokake diarani
- titenan
 - apalan
 - gathukan
 - kupingan
 - sinautemen
23. Macapat iku anggone nembangake iku kanthi cara
- diluk sakarepe dhewe
 - sabisane sing nembang
 - pinter-pinter sing nembang
 - swara-lugu
 - iramané nggalur
24. Tembang iku sejatine tulisan sing anggone maca kanthi cara
- nyuwara
 - lelewa
 - dithinthing
 - dilagokake
 - seru-seru
25. Kajaba ditembangake kanthi warisan minangka tembang Macapat, tembang Kinanthi uga kena kango
- mbawani gendhing
 - wangsalan
 - purwakanthi
 - geguritan
 - parikan
26. Ing ngisor iki minangka salah sawijining cengkok tembang Kinanthi, yaiku
- parijatha
 - pawukir
 - ngrenas
 - slobog
 - gleung
27. Ing ngisor iki sing dudu cengkoke tembang Kinanthi yaiku
- sandhung
 - sastradiwangsa
 - pandhang bulan
 - pujamana
 - wigharingtyas
28. Cakepan tembang Kinanthi: Eling lukitaning alam. Lukita iku tegese
- kesengsem
 - gandlung
 - rumpakan
 - tresna
 - asih
29. Cakepan tembang Kinanthi: Dadi wryanling dumadi. Sing ora gathuk karo tegese tembung wirya, yaiku
- jirih
 - kuwasa
 - mulya
 - kendel
 - lunur
30. Supadi nir ing sangsaya. Sangsaya iku tegese
- kesenengan
 - kasedhihan
 - kabagyan
 - kamulyan
 - karaharjan

B. Tindakno tugas ing ngisor iki kanthi jumbuh karo parintah!

Iseanana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi tembung wangsulan sing pratiti!

1. Sing dirembug sajroning gatra yaiku cacahing
2. Guru wilangan sajroning tembang ngrembug babagan cacahing
3. Tibaning swara saben pungkasaning gatra diarani
4. Guru gatrane tembang Kinanthi yaiku
5. Tembang Kinanthi beda karo tembang Macapat Ilyane, amarga saben gatrane nduwensi guru wilangan sing padha cacahing

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi pratiti!

6. Apa dhasare tembang Kinanthi iku kalebu tembang Macapat?
7. Terangake guru wilangane tembang Kinanthi!
8. Terangake guru lagune tembang Kinanthi!
9. Kepiye watake tembang Kinanthi iku?
10. Kepiye mungguh sasmitane tembang Kinanthi iku?

BAB 2

NYINAU GEGURITAN

Komponen Sifabu

Kompetensi Inti:

1. Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya
2. Menghayati, mengamalkan perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (gotong royong, kerjasama, toleran, damai), santun, responsif dan proaktif dan menunjukkan sikap sebagai bagian dari solusi atas berbagai permasalahan dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam serta dalam menempatkan diri sebagai cerminan bangsa dalam pergaularan.
3. Memahami, menerapkan, menganalisis dan mengevaluasi pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, dan metakognitif berdasarkan rasa ingin tahu tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan waswasan kemanusiaan, kebangsaan, kebangsaan dan pendidikan terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menepakian pengetahuan prosedural pada bidang kegiatan yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.
4. Mengolah, meralat, menyajikan dan menciptakan dalam ranah konkret dan ranah abstrak terkait dengan pengembangan dan yang dipelajarinya di sekolah secara mandiri serta bertindak secara efektif dan kreatif dan mampu menggunakan metoda sesuai kaidan ketimuan.

Kompetensi Dasar:

- 1.2 Menerima, mensyukuri, menghayati, dan mengamalkan anugerah Tuhan berupa bahasa Jawa dalam bentuk teks geguritan.
- 2.2 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (gotong royong, kerjasama, toleran, damai), santun, responsif, dan proaktif dalam menggunakan bahasa Jawa melalui teks geguritan.
- 3.2 Menelaah teks geguritan.
- 4.2 Menulis geguritan dan membacanya.

Pendahuluan



Bocah jaman saiki akeh sing nganggep basa Jawa iku angel boseni, lan kuta. Apa sira nduweni pamikiran kaya mangkono babagan basa Jawa? Bapak lan ibu guru ngsab sira aja nganti nduweni pamikiran kaya mangkono, amarga basa Jawa iku basa kang adiluhung lan ngemu piwulang tuhur. Mula, sea kudu nguri-un basa Jawa kanggo wujud rasa syukur marang Gusti. Supaya basa Jawa ora disinau lan diaku dening Walanda.

Asil seratan basa Jawa akeh banger. Salah sijine yaku geguritan. Nyinau geguritan iku nyenengke. Mula ing wulangan iku, sira diajak sinua babagan geguritan. Apa kang diarani geguritan? Apa bae unsur kang mbangun geguritan? Kepriye cara maca lan tulis geguritan kang trep? Kanggo mangsuli pitakonan kasebut, ayo settekna wulangan modul iki kanti premali! Nanging, sadurunge iku, ayo padha odongya miturut kapracayaan sira!

A. Nepungi Geguritan

Geguritan yaiku salah sawijining karya sastra Jawa kang awujud *porsi*. Tembung "geguritan" asale saka tembung "gurita", ewah-ewahan saka tembung "gerita", kang asale saka tembung lingga "gita" tegese "tembang utawa syair". Geguritan kuwi rengutan minangka wujud saka wedharan gagasan/rasa pangrasane pangripta. Basa kang digunakake sajrone geguritan yaiku basa rinenenga utawa *figuratif* kang endah sarta nduweni sifat konotatif, simbolis, lan lambang amarga nggambarake *imajinasi* pangriptane. Basa sajrone geguritan ora kaiket kaidah basa kaya umume. Nullis geguritan nduweni kalonggaran kanggo ngiwakake kaidah basa kango sinebut *lisencia poetica*.

1. Unsur-unsur kang Ambangun Geguritan

Geguritan iku kalebu rengutan sing anggone maca kanthi cara lelewa manut surasaning basa. Ana sing ngarani manawa geguritan iku syair Jawa anyar. Unsur-unsur kang ana sajroning geguritan yaiku:

a. Unsur intrinsik

Unsur intrinsik, yaiku unsur kang bisa ditemokake lan dideleng ana ing geguritan iku dewe. Unsur geguritan nglimput perangan ing ngisor iku.

- 1) Tema, yaiku masalah utama sing diangkat sajroning geguritan.
- 2) Amanat, yaiku pitutur, piwulang, falsafah, pangaji-aji sing arep diandharake dening panganggit marang para pamaca.
- 3) Nada lan rasa, yaiku rasa pangrasane panganggit sing digambarake ana sajroning geguritan.
- 4) Dhiksi, yaiku pamilihing tembung-tembung endah ana sajroning geguritan.
- 5) Rima, yaiku pangolihing-swara-swara kanggo mujudeke kaendahan kang ana sajroning geguritan.
- 6) Ritma, yaiku dawa cendhake, dhuwur cendheke nalikane geguritan iku dilesanake utawa diucapake.

b. Unsur ekstrinsik

Unsur ekstrinsik yaiku awujud kahanan subjektivitas pangripta babagan pangrasane pangrita lan sebab musababe pangripta nganggit sawijining geguritan.

Kanggo mbedakake geguritan lan wohing sastra liyane, sejatine geguritan iku nduweni titikan bakune. Titikane geguritan sacara umum yaiku:

- 1) Ora kawengku ing pathokan.
- 2) Dudu basa padinan.
- 3) Migunakake tembung-tembung kang pinilih.
- 4) Cacuhe larikan ora katemtokake.
- 5) Isine mentes.
- 6) Arang-arang nggunakake tembung-tembung pangiket.

Manut wujude geguritan iku ana loro yaiku geguritan gagrag lawas lan geguritan gagrag anyar. Tandha-tandhane geguritan gagrag lawas:

Geguritan yaiku salah sawijining karangan sing nduweni paugeran:

- a. Mawa bebuka "Sun angunit, utawa Sun gurit."
- b. Cacahing gatra ora kurang saka papat.
- c. Cacahing wanda siji lan sijine ajeg akehe.
- d. Mawa purwakanthi guru swara (runtut swarane).

Tandha-tandhane geguritan gagrag anyar:

- a. Kapantha-pantha dadi bait utawa pada.
- b. Saben ukara ganti baris (larikan = gatra).
- c. Tetembungan lan ukarane ningkes, isine mentes lan ana bobote sastra.
- d. Ekspresi lan rasa pangrasane penulis bebas.
- e. Tema utawa underane crita angel dipahami.
- f. Ana sing nganggo purwakanthi (sajak) lan ana sing ora nganggo.

Adhedhasar pandhapuking ukara lan perigketing tembung, geguritan ana pirang-pirang wama:

- Gita dwi gatra = geguritan kang dumadi saka rong gatra saben sapada.
- Gita tri gatra = geguritan kang dumadi saka telung gatra saben sapada.
- Gita catur gatra = geguritan kang dumadi saka patang gatra saben sapada.
- Gita panca gatra = geguritan kang dumadi saka limang gatra saben sapada.
- Gita sad gatra = geguritan kang dumadi saka enem gatra saben sapada.
- Gita sapta gatra = geguritan kang dumadi saka pitung gatra saben sapada.
- Gita hastha gatra = geguritan kang dumadi saka wolung gatra saben sapada.
- Gita rawa gatra = geguritan kang dumadi saka sangang gatra saben sapada.
- Soneta: geguritan kanthi syair mardika

Tuladha: Geguritan gagrag anyar

Jaman Akik

Jaman ndhisik...	Oh...Akik...akik
Sadununge akik ...duwe kelik	Jaman kowe isih dhelik
Jamane wong cilik ongklak-angklak	Ora ana wong sing kober nglink
Lunguhane ya... mung dhinglik	Nanging mengko dhisik
Mripale drewangi mendelik	Bareng saiki... kahanane dadi kuwaik
Kulite katon busem busik	Saben-saben wong ngomongke akik
Asie ya mung sethithik	Ngendi-endi dodolan akik
Nadyan wus golek ancik-anok	Gedhe cilik padha nganggo akik
Lakune sarwa kalah ungkit	Kana... kene padha dhemen ngisk-isik
Ungike wong duwe melik	Drewangi Mripate padha pating pandelik
Jamane jaman akik	Bareng saiki akik galik-galik
Wong cilik triu-triu duwe melik	Malah padha salah ungkk
Mbok manawa uripe mundhak sitik	Barang buruk dikandha apik
Nanging....Durung klakon wus kecelik	Barang bobrok diucapke becek
Lagi wae bribak-bribik	Dientha-entha diothak-athik
Kalah-karo sing duwe dhuwuk sasenik	Dimen padha percaya lan ketanik
Lemah-lemah padha diosak-asik	Ana sing wuru ngumbar klenik
Gunung-gunung padha diobrak-abrik	Lali purweduksina nytingkur kang becek
Wekasan kabeh dadi mosak-masik	Eling... eling yen jaman akik
	Yen ora duwe ati resik
	Bisa-bisa karasukan siptut musrik.

(P.Dwijehadinagara)

2. Pitutur Luhur sing Kakandhut lan Relefansine karo Kahanan Masarakat Jaman Saiki

Teks geguritan iku bisa awujud neriptan apa wae, manawa neriptan iku diwaca lugu iku diarani maca lugu, yen diwaca kanthi lelewa iku geguritan, yen diwaca kanthi cara dilagokake iku diarani tembang. Tuladha teks geguritan kang awujud tes tembang.

Caping gunung

Dek jaman berjuwang...
Njur kelingan anak lanang
Byren tak openi
Ning saiki ana ngendi
Jarene wis menang
Keturunan sing digadhang
Mbiyen ninggal janji
Ning saiki apa laf
Ning gunung
Tak Candhongi sega jagung
Yen mendhung tak silhi
Caping gunung
Syukur bisa nyawang
Nggunung desa dadi reja
Dene ora liang
Nggone padha larap

3. Teknik Mamarafrasekake Geguritan

Parafrase yaiku istilah *linguisistik* (kebahasaan) kang ateges nyritakake/nuturake maneh sawijining teks/konsep kanthi cara liya sajroning basa kang padha, nanging tanpa ngowahi maknane. Miturut KBBI, parafrase yaiku ngandharake maneh sawijining teks sajroning wujud liya, kanthi maksud kanggo njelentrehake maknane kang sinengker. Tembung parafrase asale saka basa Inggris *paraphrase*, lan saka basa Latin *paraphrasis*, kang ateges "cara tutur tambahan". Parafrasis utawa nggancarake yaiku kudu gawe gancaran (parafrase).

Para pamaca pertu mangerten ieu luwih dhisik apa kango diomongake sawijining teks, ing bab iki topik geguritan. Sabanjure, para pamaca kudu nemokake gagasan saben-saben larik ing saben pada. Tetembungan kang minangka panyengkuyung, dudu utama, tarkadhang arupa ilustrasi, bisa dikiwakake. Kanggo nyritakake maneh sawijining geguritan lumantar parafrase tembung-tembung lan ukara kang laras, mentes, lan gampang dimangerten. Supaya ieu luwih cekak, umpama ana kutipan langsung utawa ukara-langsung bisa diowahi dumadi ora langsung. Bakuna, basane sing ringkes. Kanthi ieu luwih princi, tata-cara nggancarake utawa parafrasis geguritan kaya ngisor iki:

- a. Para pamaca mangerten ieu luwih dhisik makna geguritan kang bakal digancarake, carane kanthi maca bola-bali (maca hermeneutik).
- b. Ngoleki lan nemokake tembung-tembung kang ngemu teges ora wantah, pasemon, pepindhan, simbolik, utawa sabangsane, banjur negesi tembung-tembung mau.
- c. Nulis maneh tembung-tembung kang sengaja "dilangake" dening panganggit. Tembung-tembung iki ilang lumrahe supaya tuwuhan basa endah ing geguritan. Nanging sanajan tembung-tembung mau ilang, ora ngowahi teges.
- d. Ngronce tetembungan ing geguritan dumadi gancaran (*prosa*) jangkep, dumadi saka ukara-ukara minimal jejer-wasesa (subjek-predikat). Carane kanthi nyritakake apa kango wis dimangerten ieu bab tetembungan ing nomer 2 dhuwur.

Yen noniton tata-cara nggancarake iki, sing diarani parafrase tan liya-liya ngganti geguritan dumadi gancaran. Tegese, sing maune geguritan kudu pinathok ing aturan geguritan, owah dadi gancaran (*prosa*) kango kudu manut uga marang lata aturan gancaran, yaiku aturan ngripta ukara lan paragraf. Perlu dimangerten ieu ta nggancarake (*parafrasis*) iku dudu cara kango ngripta geguritan, ananging cara kango ngerten isining geguritan.

Ana rong cara nggancarake (*parafrasis*) geguritan:

- a. Gawe gancaran-kaliket (*parafrase-terikat*), yaiku ngowahi geguritan (*puisi*) dumadi wujud gancaran (*prosa*) kanthi cara nambahi sawetara tetembungan ing geguritan, salémah ukara-ukara (ujaran) ing geguritan gampang dimangerten. Kabeuh tetembungan ing geguritan isih ana, ora diganti utawa dilangi, telep digunakake sajroning nggancarake.
- b. Gawe gancaran-bebas (*parafrase-bebas*), yaiku ngowahi geguritan (*puisi*) dumadi wujud gancaran (*prosa*) manganggo tetembungan dhewe. Tembung-tembung sajroning geguritan bisa digunakake, bisa uga ora. Sakwise para pamaca rampung anggone maca lan negesi geguritan kanthi wutuh, banjur nyritakake maneh manganggo tetembungan dhewe.

Tuladha teks geguritan:

WERENG

Wereng sing ora pakra...
Wujudmu ora mingsra
Klemar-klemér kaya ora duwe daya
Gayamu kaya ya mung kewa-kewa
Kawibawan babar pisan ora ana
Ora ana sing duwe pangira
Kabeuh ora duwe panyana
Kabeuh ora padha nggraita
Marang wujudmu sing ora separas
Jebul kowe nggawa wisa kango mayuta-yuta
Polahmu ngumbar sengsara
Tandangmu gawe kapituran manungsa
Ora mung sadesa,
Nanging malah sanagara
Ora mung sadina
Nanging ing saben mangsa kala
Dayamu ora nganggo wektu kango dawa
Nanging malah gawe pati sanelika

Ha... Wereng keparat
 Beuk kowe enggal meninggal
 Sadir nge kowe ora bisa sambat
 Serfira maneh kowe hakal daksikat
 Manungsa wi ora kuwal
 Saka polahmu sing ngambar laknat
 Yen kowe ora enggal oncah
 Apa maneh... yen kowe ora gelemb Tobat
 Aku isih duwe obat kang hebat
 Yen kowe tetep nekat
 Dak-obong karo geni kang mbulat-mbulat
 @ P. Dwijahadinagara

Gladhen Mandhiri 4

Wangsulan pitakon-pitakon ing ngisor iku kanthi wangsulan kang pratiti!

1. Apa sababe geguritan iku diarani puisi Jawa?
2. Apa titikan kang baku geguritan gagrag lawas iku ing pembuktian?
3. Kepiye mungguh guru wilangane lan guru lagune geguritan gagrag lawas?
4. Kepiye dudutane kahanan jaman saiki sing digambarake ing geguritan kapisan?
5. Geguritan ing dhuwur parafrasekake nganggo basa gancaran!

Teks Geguritan	Basa Gancarane:
1. Wereng sing ora pakra...	1.
2. Wujudmu ora mingstra	2.
3. Klemar-klemer kaya ora duwe daya	3.
4. Gayamu kaya ya mung klewa-klewa	4.
5. Kawibawan baber pisan ora ana	5.
6. Ora ana sing duwe pangira	6.
7. Kabeh ora duwe panyana	7.
8. Kabeh ora padha nggraita	8.
9. Marang wojudmu sing ora-sepiraa	9.
10. Jebul kowe nggawa wisa kang mayuta-yute	10.

B. Teknik Maca lan Panulisan Geguritan

1. Teknik Maca Geguritan

Geguritan bisa kanggo medharake utawa ngandharake-isine ati lan aweh piwulang, pepeling, sarta pitutur marang wong sing maca. Sewijining geguritan bakal luwih gampang olehe nggoleki amanat utawa piwulang kang ana sajroning geguritan kanthi cara diparafrasekake luwih dhisik.

Parafrase geguritan tegese proses owah-owahan saka wujud geguritan didadekake wujud gancaran utawa paragraf, kanthi ancas supaya maknane/tegese geguritan luwih cetha lan gamblang.

Geguritan iku bisa dirasakake kanthi maca utawa ngrungokake, satemah bisa:

- a. nemokake pesen (amanat/piwulang) kang kamot ing sajroning geguritan.
- b. nemokake sebab kang ndadekake endahing geguritan.
- c. gawe gambaran tumrap geguritan kang diwaca utawa dirungokake.

Kang perlu digatekake jroning nyilih wedharaning geguritan yaiku:

- a. Maca tulisan (naskah) kanthi setiti.
- b. Ngira-ira tetembungan kang diilangi, nuli mbalekake
- c. Njingglengi ten ana pasemini utawa pralambang sing dienggo.
- d. Njarwani (menafsirkan makna) pasemon utawa pralambange.
- e. Ngupakara (merangkaikan) ukara-ukara saka paneliten dadi sawijining gancaran.

Sing magepokan karo teknik maca geguritan:

- Lafal yaiku ngucapake tembung kanthi trep utawa cetha.
- Intonasi yaiku dhuwur cendheking swara.
- Irama yaiku cepet alon pangucaping tembung-tembung
- Gesture yaiku obahing awak manut swasana sing dikarepake surasaning geguritan.
- Mimik yaiku polatan rai jumbuh karo rasa sing dikarepake surasaning geguritan.

Kanggo ngelingake maneh apa wae sing kudu digatekake nalika maca geguritan, ing ngisor iki perangan-perangan sing kudu disemak lan diugemi yaiku:

a. **Wirama (irama/lagu)**

Irama kudu digatekake nalika maca geguritan, umpamane banter, alon, cetha utawa samar, lan sapanunggalane. Nalika maca geguritan sing surasane semangat kudu nyuwara-sora, beda nalika maca geguritan sing surasane ngemu kasusahan, kudu alon, alus, lan melas.

b. **Wirasa (rasaning swasana ati)**

Surasane utawa isine geguritan kudu dimangereni tegese utawa karepe. Nuli anggone maca ngetrepake utawa nyelarasake karo isining geguritan, yaiku susah, seneng, wibawa, getun, nesu lan sapanunggalane.

c. **Wiraga (obahing awak)**

Obahing awak yaiku aja kaku, luwes wae, mlaku uga prayoga, ngobahake peranganing awak kanggo mbangun swasana. Pasemon, praeinan kudu selaras karo isining geguritan nanging aja banget-banget.

d. **Wicara (pocapan)**

Pocapan sing cetha nalika ngucapake aksara swara, wanda, lan tembung

Coba wacanen geguritan ing ngisor iki!

Bendune Bawana

Langite kebak mendhung anggendhiyang

Kembeng-kembeng tan kuwawa amberitung

Waspa dumarojog mbrebes mili hangebek

Bumine gareng gereng magep-magep

Kalne menoep-mencep tanpa kurep

Ormah, sawah, kewan, tuwuhan

Pating glagep tanpa pangarep-arep

Pertiwi sesamcate ngaruara

Sambal marang sapa?

Sambal marang manungsa?

Beter....Bener....

Amarga manungsa kang gawe dadakan

Pakartine iknanya jalanan

Kateh dadi tusak, mocar-macir tanpa tatahan

Nanging eman....

Ya gene manungsa padha ora krasa

Malah angkara murkane sansaya andadra

Mbatul alias tanpa lillas....tanpa welas

Resik, gusis lipis dataraga aris

Mbok manawa manungsa.....saku

Kupinge wis ora padha krungu

Mirplate wis ora bisa andulu

Rasane wis padha mati

Mula....lumunta....

Ana banjur ora kekitir

Ana lindhu ora keplayu

Ana prahara ora dirasa

Benduning alam malah kaya dad-pangidham-ikham

Oh manungsa....Manungsa

Manungsa sing kakehan dosa.

© P. Dwijahadinagara

2. Teknik Panulisan Geguritan

Carane ngripta (nganggit = ngarang) geguritan, yaiku:

- Nemtokake tema utawa underane geguritan.
- Milih tembung kang mentes lan ana bobote sastra.
- Ngrakit ukara kang ningkes, dipantha-pantha dadi bait utawa pada. Saben ukara kanthi larikan (gatra).
- Migunakake basa kang endah, kayata:
Yen perlu nganggo purwakanthi basa utawa sastra kareben kepenak diwaca lan gampang diapalike panyandra utawa pepindhan.
- Migunakake tembung andhahan kang karimbag mawa:
 - Ater-ater a
 - Seselan lan um
 - Adhapur dwilingga lan dwipurwa
- Diwaca bola-bali kanggo ngukur cocok apa orane karo underane crita, lan aja nganti kaya gancaran kang dipantha-pantha dadi bait.
- Milih irah-irahan (judul) ingkang sae, nank kawigatene para pamaca, sokur yen cekak aos/mentes.
- Antara irah-irahan iku isi, kudu ana sambunge.

Gladhen Mandhiri 5

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iku kanthi wangsulan kang pratitis!

- Nulis geguritan iku tema dhisik. Apa tema iku?
- Kepiye pangrakte tembung sajroning geguritan?
- Kepiye pangrakte ukara sajroning geguritan?
- Apa gunane purwakanthi sajroning geguritan iku?
- Gita panca gatra iku geguritan sing kepiye?



Keterangan Sawetara

Geguritan yaku wohing susastra kang basane cekak, mentes lan endah. Geguritan asale saka tembung "guni", kang ateges kidung utawa tulisan kang awujud tatahan. Déné geguritan ing kéné, ateges rumpakan kidung kang mawa paugeran gunithok. Geguritan iku kang awujud tulisan sing anggone maca kanthi cara lewawa manut surasahing tembung kang rinakit.



Pungkasan

- Geguritan iku kalebu puisi Jawa modhem, amarga ora kaitke ing aturan kayadéné tembang, yaiku guru gatra, guru wiwangon lan guru lagu.
- Geguritan bisa kanota amarga ana ilham utawa inspirasi (angen-angan).
- Geguritan mujudake karya kang sipaté pribadi, mula geguritan panganggot siji lan sijine beda-beda. Angen-angan kang ana sajené pikirané pengarang banjur diolah supaya dadi geguritan kaya kang dikarepaké panganggit. Kanthi mengkono, geguritan iku basane katon endah, bisa migunakake purwakanthi, dwipurwa, seselan lan liyané.

PANDADARAN

- A. Wenehana tandha (x) ing salah sawijining aksara a, b, c, d, utawa e, yaiku wangsulan sing koanggop paling benert!

- | | | | |
|----|--|-----|---|
| 1. | Geguritan saka lembung gurit sing teges kidung utawa ... | 7. | Saguritan tumrap tembang Macapat diarani ... |
| a. | tembang | a. | salagu |
| b. | gendhing | b. | satembang |
| c. | lancaran | c. | sawilangan |
| d. | ladhang | d. | sapada |
| e. | ketawang | e. | sapupuh |
| 2. | Sambung rapete karo geguritan, ngripta geguritan iku diarani ... | 8. | Ana sing ngarani manawa geguritan iku minangka syair Jawa ... |
| a. | nggarit | a. | gagrag kuna |
| b. | nggurit | b. | gagrag anyar |
| c. | nggaris | c. | gagrag lawas |
| d. | ngunt | d. | gagrag kina |
| e. | nggerit | e. | gagrag kadaluwarsa |
| 3. | Geguritan iku tulisan sing diwaca kanthi cara ... | 9. | Geguritan kanthi syair rong gatra sapada iku diarani ... |
| a. | kiewa-kiewa | a. | gita dwigatra |
| b. | kelewa-lewa | b. | gita trigatra |
| c. | klawan kiewa-kiewa | c. | gita caturgatra |
| d. | klawan lelewa | d. | gita pancagatra |
| e. | klawan murka | e. | gita sadgatra |
| 4. | Geguritan gagrag lawas pambukane nganggo tembung ... | 10. | Sing diarani gita caturgatra yaiku ... |
| a. | sun kekudang | a. | syair rong gatra sapada |
| b. | sun njejaluk | b. | syair tri gatra sapada |
| c. | sun nggejurit | c. | syair patang gatra sapada |
| d. | sun sesuwun | d. | syair limang gatra sapada |
| e. | sun pepulu | e. | syair enem gatra sapada |
| 5. | Cacahing gatra geguritan gagrag lawas yaiku paling sithik ... | 11. | Geguritan gita hastha gatra. Cacahing gatranane ana ... |
| a. | rong larik | a. | 5 larik |
| b. | telung larik | b. | 6 larik |
| c. | patang larik | c. | 7 larik |
| d. | limang larik | d. | 8 larik |
| e. | enem larik | e. | 9 larik |
| 6. | Guru lagune saben gatra geguritan gagrag lawas yaiku ... | 12. | Geguritan sing tan kewengku ing paugeran tartamtu iku diarani ... |
| a. | merdika | a. | geguritan tradisional |
| b. | ora ajeg | b. | geguritan kovenisional |
| c. | mana suka | c. | geguritan kontemporer |
| d. | sak-sake sing gawe | d. | geguritan modern |
| e. | runtul swarane | e. | geguritan anyar |

13. Gatekna geguritan iku!
Ngrembug jaman edan iki
Akeh kang nganeh-anehi
- Geguritan kasebut saben gatraane nduweni guru wilangan ...
 a. 6 wanda
 b. 7 wanda
 c. 8 wanda
 d. 9 wanda
 e. 10 wanda
14. Gatena salah sawijine pedhotan geguritan ing ngisor iki!
Ora duwe rasa wedi
Nadyan cetha gawe tugi
- Geguritan kasebut guru lagune tiba swara ...
 a. nglegena / a
 b. wulu / i
 c. suku / u
 d. taling / e
 e. taling tarung / o
15. "Bener lput ra perduli" nitik ukara geguritan, minangka gegambaran ...
 a. wong sing ora ngerti bener lput
 b. wong sing ngerti babar pisan bener lput
 c. wong iku ngerti bener utawa lput nanging sengaja dilanggar
 d. wong iku ora ngerti bener lput lan nglanggar
 e. wong sing ora ngerti bener lput nanging kulina nglanggar
16. Wong sing maca geguritan diarani ...
 a. pangripta
 b. panganggit
 c. panyerat
 d. panggurit
 e. panggagas
17. Manut titikane geguritan iku ora migunakake basa padinan. Basa padinan yaiku ...
 a. basa sing ora lumrah
 b. basa kang rinenga
 c. basa kang muluk-muluk
 d. basa sing baku banget
 e. basa sing digunakake ing dhaerah piniji
18. Lumrahe geguritan iku migunakake tembung kang pinilih. Tembung pinilih nduweni teges ...
 a. tembung kaw
 b. tembung baku banget
 c. tembung kang endah
 d. tembung sinandhi
 e. tembung manca
19. Panggunane tembung pangket ana ing geguritan iku ...
 a. arang-arang banget
 b. kerep banget
 c. bab kang wajib
 d. kudu nganggo
 e. syarat kang baku
20. Masalah utama sajroning geguritan sing kepengin dikatonake diarani ...
 a. amanat
 b. tema
 c. rima
 d. ritma
 e. dhiksi
21. Dhiksi sajroning geguritan iku nduweni makna ...
 a. pokok masalah sajroning geguritan
 b. pangarep-arepe panganggit
 c. pamilihing tembung kang endah
 d. dawa cendhaking panglesaning geguritan
 e. rasa-pangrasaning panganggit
22. Ing ngisor iki sing dudu perangane unsur ekstrinsik yaiku ...
 a. agama
 b. politik
 c. ekonomi
 d. sosial budaya
 e. pasulayan
23. Angandharake maneh sawijining teks sajroning wujud liya, kanthi maksud kanggo njilentrehaake maknane kang sinengker diarani ...
 a. panjilentreh
 b. panerang
 c. pamawas
 d. paraphrase
 e. paranormal

24. Istilah *paratrase* ana ing basa Jawa karo lumrah tegese
- nggancarake tembung
 - nggancarake niyat
 - nggancarake maksud
 - nggancarake makna
 - nggancarake karep
25. Ngucapake tembung ana ing geguritan kanthi trep lan cetha, ana sambungrapele karo
- mimik
 - gesture
 - lafal
 - intonasi
 - irama
26. Magepoan karo mimik nalika maca geguritan
- ngucapake tembung kanthi cetha
 - polatan ra, kang jumbuh kara surasaning geguritan
 - dhuwur cendheking swara
 - cepel lan alone pangucapane trimbung
 - obahing awak jumbuh karo swasana
27. Pocapan sing cetha nalika ngucapake aksara swara, wanda, lan tembung
- wirama
 - wirasa
 - wiraga
 - wicara
 - wiguna
28. Sing ana sambunge karo wicaga yaku
- mungkah mudhune swara
 - harasakake isine geguritan
 - bariter lan limbing swara
 - penjengalan kang dienggo
 - ekspresi, patrapaveskep, obahing awak lan pasemon
29. Olah vokal utawa niah swara iku magepoan karo kaya ing ngisor iki, kajaba
- panyora swara
 - kedahing lesan
 - tata pangaturung napas
 - pamedhotling ukara
 - pangguawentating swara
30. Geguritan lumrahe migunakake swara kang runtut, iku diaran
- panikan
 - puwekanthi
 - wangsalan
 - yogyaswara
 - haliswara

B Tindakno tugas sing ngisor iki kanthi jumbuh karō parintah!

Iseanana ceceg-ceceg sing ngisor iki kanthi tembung wangsalan sing pratensis!

- Geguritan sing kawengku paugeran tartamtu iku diaran geguritan
- Masalah utama sing diangkat sajroning geguritan iku diaran
- Pitutur, piwulang, falsafah, pangaji-aji sing arep diandharake dening panganggit muanano para pamaca, iku diaran
- Dawa cendhake, dhuwur cendheke nalikane geguritan iku dilesanake utawa diucapake, iku disebut
- Unsur sing mangun geguritan saka sajabane geguritan, diaran

Wangsulan pitakon-pitakon sing ngisor iki kanthi pratensis!

- Geguritan gagrag anyar nduweni titikan apa ha?
- Sajroning geguritan uga ana istilah *parafrase*. Apa tegese *parafrase* iku?
- Kepiye carane tulis geguritan iku?
- Sajmoning geguritan lafal iku duwe teges apa?
- Wirama sajroning maca geguritan maknane kepiye?

BAB 3

NYINAU BUSANA ADAT JAWA

Komponen Silabus

Kompetensi Inti:

1. Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya
2. Menghayati, mengamalkan perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (gotong royong, kerjasama, toleran, damai), santun, responsif dan proaktif dan menunjukkan sikap sebagai bagian dari solusi atas berbagai permasalahan dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam serta dalam menempatkan diri sebagai cerminkan hangsa dalam pergaulan dunia.
3. Memahami, menerapkan, menganalisis, dan mengevaluasi pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, dan metakognitif berdasarkan rasa ingat/tahuannya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kajadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah
4. Mengolah, menalar, menyaji, dan mencipta dalam ranah konkret dan ranah abstrak terkait dengan pengembangan dan yang dipelajarinya di sekolah secara mandiri serta bertindak secara efektif dan kreatif, dan mampu menggunakan metoda sesuai kebutuhan.

Kompetensi Dasar:

- 1.3 Menerima, mensyukuri, menghayati, dan mengamalkan arugemen Tuhan berupa bahasa Jawa dalam bentuk teks deskripsi tentang pakaian adat.
- 2.3 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (gotong royong, kerjasama, toleran, damai), santun, responsif, dan proaktif dalam menggunakan bahasa Jawa melalui teks wacana nonfiksi tentang budaya Jawa.
- 3.3 Memahami isi teks deskripsi tentang pakaian adat Jawa
- 4.3 Memahangi isi dan memerlukan kembali teks deskripsi tentang pakaian adat Jawa

Pendahuluan



Genéa basa Jawa iku basa kang adiluhung? Basa Jawa panceñ basa kang adiluhung jalanan basa Jawa nyinau babagan undha usuk sarta unggah-ungguh basa marang wong liya. Apa maneh basa Jawa uga disengkuyung dening maneka wama budaya Jawa kang akeh. Saterah para generasi mudha kudu nguni-uni basa lan kabudayan Jawa minangka rasa syukur konjuk Gusti Kang Maha Agung. Semorio uga basa Jawa ora kalab iku basa-basa liyane amarga basa Jawa nduweni maneka jinsing teks. Salah siji teks kang narik kawigaten yakut teks deskripsi.

Apa sira ngerti kang diarani teks deskripsi? Kepriye struktur ion paugetene? Ayo disinau wulangan ki karthi premali! Nanging, sadurunge miwi piwulangan, ayo ndedonga miturut kapracayan sira dhewe-dhewe!

A. Teks Deskripsi

Teks deskripsi yaiku teks kang nggambareake sawijining objek, gagasan, papan, utawa prastawa kanthi rinci marang pamaca. Maksud saka definisi teks deskripsi iku yaiku nggambareake kanthi gamblang objek-objek kanthi tilti satemah pamaca bisa mangerteni anggone mahami isi teks kasebut. Dene ancas saka teks deskripsi yaiku supaya pamaca weruh, krungu, ngrasakake, utawa ngalami dhewe objek lan prastawa kang digambarake dening panulis. Aspek kang kagambarake ing kene bisa babagan kaendahan alam, piranti, barang, kahanan jasmani, watak, kahanan manungsa, lan liya-liyane.

1. Struktur Teks Deskripsi

Coba wacanen teks deskripsi ing ngisor iku kanthi premati!

Busana Adat Jawa

Rasukan adat Jawa utawa busana adat Jawa umum/kaprah diarani rasukan kejawen iku ana wama-wama jinse kayata atela, beskap, skepan, surjan, takwa lan kalengkapan liyane.

"Nyandhang nganggo hiku dadiya sarana amermangun manungsa njabe jero. Mamane pantesen panganggonra, tregna: pangetraping panganggon, cundhukna kalawan kahananing badanira, kalungguhan miwah repangkatanira"

(Pangandikadalem Suwarga Hingkang Sinuwun Kangjeng Susuhunan Pakoe Boewana Kaping X)

Sabda Pangandikadalem iku ngemu karep marang kasusian. Tegese nyandhang nganggo, kudu bisa njumbuhake marang pribadine dhewe, sing jumbuh karo tata lair lan batin, cundhuk karo kalungguhan sarta pangkate, uga terp-trepene panganggon.

Busana adat Jawa diarani busana kejawen nduweni pralambang tartamtu tumrap bangsa Jawa. Busana Jawa kebak ing piwulang kang sinandi. Sajroning busana Jawa iku sumimpin piwulang kanggo nindakake sakabehing tumindak ing alam donya iki, kang salimbang sambung rapele karo lumindak saben-dinané, ya pasrawungan marang sapadha-padhaning manungsa, dhiri pribadi uga konjuk Gusti Kang Maha kuwasa kang nyipta jagad sasina.

Saben-saben jinis rasukan Jawa iku nduwe teges parumpamaan utawa pralambang kang jumbuh/gathuk kalawan nilai-nilai luhur filosofi Jawa.

Umume/kaprahe rasukan Jawa kaperang dadi 4 bagian yaiku:

1. Perangan ndhuwur

Udheng, dhestar, iket utawa blangkon

2. Perangan tengah

- Rasukan utawa kelambi uga benik
- Sinjang, nyamping, bebed, utawa jarik wiron
- Selagen utawa paningset
- Sabuk
- Epek, ilmang, lerep

3. Perangan mburi

Wangkingan, cunga utawa keris, ana wama loro yaku warangka ladrang lan warangka gayaman.

4. Perangan ngisor

Canella yaku cripu, selop utawa sandhal

Busana Jawa kasebuting jaman saiki mung dienggo nalika ana fatacara tartamtu wae, panganggon padinan wong Jawa manganggo penganggon bathik, lurik sing minangka penganggone wong Jawa uga.

2. Pangaji-aji kang Kinandhut ana Sajroning Busana Adat Jawa lan Sambungrapete karo Kahanan Masarakat ing Jaman Saiki

Kanggo mangerteni pangaji-aji kang kinandhut ana ing sajroning busana adat Jawa lan sambung rapete karo kahanan masarakat ing jaman saiki coba wacanen teks deskripsi ing ngisor iki!

Makna Sinandi Busana Jawi

Piwulang sinandi busana Jawa, manut sawijining panemu. Mula saka kuwi manawa ana kango duwe panemu sing beda utawa seja, iku sajatiné ya kudu dianggep lumrah bae.

Iket/Udheng/Dhestar makna sinandi sing dikarepake yaku manungsa prayogane nduweni pikiran kang kenceng, ora gampang goyah mung jalanan kahanan utawa wong liya tanpa tetimbangan kang mateng. Udheng asal saka tembung mudheng tegese mangerti kanthi cetha, maksude supaya manungsa nduweni pikiran sing kukuh, mangerli lan paham apa tujuan urip lan pangurusan utawa sangkan paraning dumad.

Busana iku peranganing penganggon kung baku. liru busana iku minangka aji-aji tumrap jati dhiring manungsa Ajining salira dumunung ana ing busana. Teges liyane rasukan saka tembung rasuk liru manungsa iku kudu duweni piandel utawa kapercayan kang minangka adeg-adeg sambasaning budi manembah marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

Ana sajroning busana diwenehi benik iku mengku karep inanungsaka iku manawa tumindak bisane bener kudu denak-enik. Dipetung kanthi njilmet ora waton tumindak nangting tumindak nganggo wewaton.

Sabuk kang dibedako ing bangkékan mengku karep manungsa iku kudu ubed kanggo nyukupi kabutuhan unpe, supaya ora mung buk. Tembung Epek padha dene apek, golek tegese sajroning urip iki, kudu golek ngelmu sing ana guna paédean. Tinang duwe karep sakabehing tumindak kudu ditmang-tmang ulawa nganggo tembiangani kang mateng supaya ora mampang lan ngedohake naka rasa kuwatra.

Jank saka tembung aja sethi, tegese manawa tumindak iku ngedojona rasa dengki, sethi, aja senik manungsa iya kosok balné kudu tansah gawe seneng zaline wong iya. Wlon saka tembung wluw tegese sakabehing tumindak kudu diwénti supaya ora klién, manawa tumindak iku kudu dipikir luwih dhisek nja nganti grusa-grusa. Ceneta saka tembung cethéna ironing nala tegese sakabehing tumindak iku kudu mantep stine percaya manawa kabeh mung ana sangisoré panguwasaning Gusti Allah. Curiga lan warangka yeuku pralambang manawa cunga iku minangka sesmitaning piandel utawa neputu, warangka iku minangka wadhdhing cunga tegese nepsu iku kudu diperkenalkané subaya ora rhuba-rhuba.

Glossary Mandiri 6

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi pratitis!

- Pangandikadalem Suwarga Hingkang Sinuwuri Kangéng Susuhunsan Pakoe Boewana Kapung X. ngenani nyandhang nganggo iku kepiye?
- Sabda Pangandikadalem iku ngenitu karep mlarang kasusian. Apa tegese?
- Ngomongake babagan busana iku ana unen-unen "Ajining santra amarga saka busana" unen-unen iku duwe teges kepiye?
- Coba jelentrehna wendine epek sajroning busana Jawa?
- Timang iku uga nduweni prwulanu luhur. Apa prwulané?

B. Kawruh Kagunan Basa Sajroning Teks Deskripsi

Teks deskripsi kasusun anaé struktur teks uga kabérguna saka seperangan kagunan basa. Kagunan basa iki bisa ndadekake teks deskripsi bisa narin kawigaten marang pamaca. Kanggo ngambarake bab busana adat Jawa, panulis bisa nggunakake ukara lamba lan ukara camboran.

1. Ukara Lamba

Ukara lamba dumadi saka saklusa, tegese ukara kisetubut mung dadi saka jejer lan wasesa sareta-bisa ditambah lesari, gegahop, utawa pienerang. Dadi, jejer lan wasesa ing ukara lamba gunggunge siji lan ora kena kawih saka iku.

2. Ukara Camboran

Ukara camboran dumadi saka rong klauza utawa luwih. Menawa ukara lamba iku jejer lan wasesane mung siji, ing ukara camboran ora mangkono. Ing ukara camboran, seura orane wasesane kudu luwih saka siji, bisa loro utawa tetu.

Kajaba ukara lamba lan ukara camboran, kadharan kala sajroning teks deskripsi ana pangaréngan paribasan, isbat, sanepa, lan ihewe basa.

1. Paribasan

Paribasan yaiku unen-unen kang gumadhok, ajeg panganggono, wantah ora kasamuun ing samudana utawa ing upama, ora dipindhakake. Dilire tembung paribasan iki nganggo dhasare basa entar

Tuladha:

No	Paribasan	Tegese
1	Anak polah bapa kepradah	Wong tuwa melu ribed jalanan polahe anak
2	Busuk ketekuk pinter keblinger	Sing pinter lan sing bodho padha dene cilakane
3	Ciri wanci bilahi ginawa mati	Pakulinan sing ala ora bisa ilang
4	Desa mawa cara, negara mawa tata	Saben panggonan nduweni tatanan dhewe-dhewe
5	Emban cindhe emban ciladan	Abot sisi, pilih kasih, ora adil

2. Isbat

Isbat saka tembung basa Arab sing tegese ibarat. Ibarat iku uga tembung Arab, tegese meh padha karo saloka, nanging isine bab ngelmu gaib, ngelmu kasampurnan, ngelmu kebatinan. Dadi ukara isbat iku ukara pepindhan kang isi piwulang bab ngelmu tuwa, ngelmu kebatinan, ngelmu gaib utawa ngelmu kasampurnan.

Tuladha:

Kodhok ngemuli lenge.

Kodhok = pepindhaning jiwa, sukma, badan alus, nyawa, rokhani.

Leng = pepindhaning raga, awak, jasmani, badan wadhag.

Ngemuli, maksude = njaga, numesa, ngereh

Maknane: manungsa iku jiwané kudu bisa ngereh marang ragane (wadhage) aja nganti badan-aluse kalah karo badan-wadhage (hawa-napsune).

Wong sing mutmainha bisa meper hawa napsune, bisa ngalihake amarahe, aluanaha, lan supiyahé. Yaiku sing kene diisbatake "Kodhok ngemuli lenge", -dudu " Lenge sing ngemuli kodhdoke"

3. Sanepa

Sanepa yaiku unen-unen kang ajeg panganggone kadadean saka tembung kehanan sinambungan tembung aran, kang ngemu surasa kosok baline banget.

Tuladha:

No	Sanepa	Tegese
1	Pait madu	Manis banget: eseme, suwarane, omongane
2	Dhuwur kencur	Cendhek banget: dedege
3	Wuled godhong lumbu	Mbedhei banget: kulitane, jalaran ora sekti.
4	Legi bratawali	Pait banget: rasane
5	Kuru semangka	Lemu banget: badane

4. Lelewaning Basa

Lelewaning basa yaiku cara-carane migunakake basa, amrih gampang ditampa, endah lan kepenak dirungu. Lelewaning basa ana pirang-pirang macam, yaiku:

- a. Lelewa basa metafora, yaiku ukara mawa unen-unen pepindhan.

Tuladha:

Raden Gathutkaca otot kawat balung wesi.

- b. Lelewa basa alegori, yaiku metafora sing ditulis nganggo ukara dawa banget.

Tuladha:

Unipe manungsa iku manuk upamane, diobang-ambingake alun samodra, katempuh ing sindhung aliwara, yen kurang waspada bisa kerem nrejang padhang karang.

- c. Lelewa basa personifikasi, yaiku pepindhan jalma.

Tuladha:

Sumpahe diseksi bumi langit.

- d. Lelewa basa metonimia, yaiku lira-lirune jeneng.

Tuladha:

Aku wingi numpak Merpati.

- e. Lelewa basa hiperbola, yaiku pepindhan sing kliwat utawa keladuk.
 Tuladha:
 Swarane kaya mbelah-belahe bumi.
- f. Lelewa basa eufemisme, yaiku umen-unen utawa basa sing surasaning luwih alus.
 Tuladha:
 Lali marang purwa duksina = semaput.
- g. Lelewa basa ironi, yaiku unen-unen kang nyritakake kosok-baléan kara rada ngece.
 Tuladha:
 Bocah kok pintere ora njamak, mangsok 3 ditambah 3 wae ora bisa.
- h. Lelewa basa klimaks, yaiku pandhapuking tembung saya suwe saya banget.
 Tuladha:
 Aja maneh kowe, kakangmu, bapakmu, embahmu pisan aku ora wedi
- i. Lelewa basa anti klimaks, yaiku pandhapuking tembung saya suwe saya ora banget.
 Tuladha:
 Apa maneh satus ewu, kapara sewu wae aku ora gableg.
- j. Lelewa basa antitesis, yaiku unen-unen sing mengku surasa kosok baléan.
 Tuladha:
 Cilik gedhe, lanang wadon nuweni kuwajiban padha.
- k. Lelewa basa litotes, yaiku pratekan kanggo ngalusake kaanan.
 Tuladha:
 Manawi kersa pinarak wonten gubug kula. (Kamangka omahe gedhang magrong-magrong)
- l. Lelewa basa pleonasme, yaiku pratekan panegas, kang sejatiné ora kudu disebut rangké.
 Tuladha:
 Bal bunder mlebu gol mak bleng.
- m. Lelewa basa repetisi, yaiku pratekan kang bela-bali sinebut ing ukara.
 Tuladha:
 Saya suwe, saya alu, saya garang banjur mati.
- n. Lelewa basa koreksi, yaiku kanggo mbenerake sing wis sinebut luput.
 Tuladha:
 Kebon Raja jaman biyen Balekambang, ee.. dudu Sriwedari.
- o. Lelewa basa sarkasme, yaiku basa sindhirian kang nylekit kapara kasar.
 Tuladha:
 Ee, Wedhus, aja wan-wani rene maneh!
- p. Lelewa basa retoris, yaiku pratekan wangulan utawa pitakohan sing ora perlu diwangun.
 Tuladha:
 Apa ana wong sing gelem nolak dhuwit sagepok!
- q. Lelewa basa inversi (bali swara), yaiku lelewaning basa kang manut patigrikiting ukara wasesa dumunung sangarope jejer.
 Tuladha:
 Ken Arok arane.
- r. Lelewa basa paradhoks, yaiku pratekan kang kosokbaléan kara kaanane.
 Tuladha: Sanajan sugih nanging ora tau seneng uripe.

C. Cara Nanggapi Teks Deskripsi

Saben wong nduweni panemu sing beda-beda, jalanan beda panemu iku diarani lumrah wae. Maneka warna panemu iku luwih becih tinimbang padha ora padha nduweni panemu babar pisan. Ing ngisor wana wacanan teks deskripsi babagan Batik. Coba wacanan batin banjur wenehane tanggapan!

Batik

Tembung "batik" dumadi saka dhaepukaning tembung "amba" kang nduweni tegese "nulis" lan "titik" sing ateges "titik" utawa ceceg-ceceg. Ana sing duwe panemu manawa batik" saka tembung ngembat titik-titik iku dilata supaya dadi gambar kang thrik-thrik. Batik Indonesia, kabeh wae wus ditetepake dening UNESCO minangka "Warisan Kamarungsang kanggo Budaya Lisan lan Nonbandawani" (Masterpieces of the Oral and Intangible Heritage of Humanity) wiwit 2 Oktober 2009.

Bathik yaiku kerajinan sing nduweni pengaji-an seni kang dhuwur lan wis dadi peranganing budaya Jawa sing wis lawas banget. Wanita-wanita Jawa ing mangsa kuwi ndedekake kotampilan sarong mbatik minangka pangupai wa, satermeh ing jaman biyen pakaryan mbatik iku kalebu pakaryan kang baku tumrap wanita, nganti ditemokake 'Batik Cap' sing njalari para priya banjur bisa mlebu ing jagading batik. Malah tumrap dhaerah pesisir mbatik iku kalebu pakaryane para priya sing baku.

Tradisi mbatik wiwitane minangka tradisi sing surun-tumunun, satermeh kala mangsa motif batik bisa dimangertenan manawa sawijining cakrik batik iku gaweyane kulawarga tartamtu. Sawetara motif batik iku bisa nuduhake drajat-sawijining wong. Malah ngantik saiki, sawetara motif batik tradisionil mung dienggo dening kulawarga Karaton Surakarta lan Yogyakarta bae.

Ragam corak lan wama Batik diprebawani dening bangsa manca. Wiwitane, batik nduweni ragam corak lan wama kanci winates, lan sawetara corak mung kena dienggo dening warga pinji. Nanging batik pesisir nampa pengaruh saka njaba, kayata para dagang manca lan uga ing pungkasane para penjajah. Warna-warna sumringah kayata abang dikondhangane dening bangsa Tionghoa, sing uga ngondhangake corak phoenix. Bangsa penjajah Eropa uga katarik marang batik, lan ngasilake corak kerthang-kembang lan barang-barang sing digawa para penjajah (gedhung, kretai) kalebu wama sing dadi senengane yaku warna biru. Batik tradisionil tetep nglestarekake corake lan dienggo upacara-upacara adat, amarga biasane saben-saben corak nduweni pralambang dhewe-dhewe. Corakng bathik iku warna-wama kayata: Semenan, Cemungkir, Udan nris, Kawung, Parang, Truntum lan liyaliyan.

1. Corak Semen ngambarake tanduran kang mrambeti sing nduweni makna semi utawa tuwuhan minangka lambang kasuburan, kamakmuran lan isen-isene jagad.
2. Motif udan nris wujude lereng ditata miring sing nduweni werti udan kang bisa nyuburake tanduran lan kewan.
3. Cakrik Cemukiran wujude kaya ilat geni utawa cahya kang nuduhake kasuran, kasekiten, kaagungan, sing dibaratake Dewa Siwa sing njima ing sajroning rageding raja, mula saka kuwi cakrik iki mung diagem dening para Raja lan Putra Sentana.
4. Cakrik Kawung nduweni teges minangka pralambang tenaga alam cacah 4, utawa keblat papat; silih wetan sumbering panguripan (jumedituling erengenge) perangan kulon minangka lambang simianing kabegjana, perangan kidul minangka lambang pucukng panguwasa, dene perangan sisih lor minangka tandha pralaya/gugur.
5. Cakrik Parang sing ngagem mung pinji yaku para raja lan para putra Sentana, kawula manawa sowan ing Kraton ora dikeparengake manganggo cakrik Parang.
6. Cakrik Truntum yaku latar ireng sing ana plenik-penik minangka lambange kartika, cakrik iki dienggo wong sing nedheng duwe gawe mantu, dadi tuntunan kang prayoga.
7. Cakrik Sidaasih dienggo penganten putri sing malem midadareni muga tansah sih-sinihan.
8. Cakrik Sida Mulya dienggo penganten sarimbil pengajabe muga oleh kamulyan.
9. Cakrik Sida Mukti dienggo penganten sarimbil muga bisa urip mukti wibawa.
10. Cakrik Bondhet dienggo penganten sanmbit muga tansah atut runtut.
11. Cakrik Sida Wirasal dienggo wong tuwane penganten sekaliyan miturut nasehaté wong tuwa.

D. Teknik Nulis lan Nyuting Teks Deskripsi

1. Nulis Teks Deskripsi

Apa sira tau gawe sawijining tulisan teks dhewe? Gawe teks pancen ora adoh saka kegiyatan nulis. Nulis yaiku sawijining kegiyatan kanggo ngasilake tulisan. Nulis minangka gagasan utawa pikiran saka wong banjur kawujudake ing tulisan kanthi tata-satemah narik kawigaten marang pamaca.

Tinimbang kegiyatan nyemak, micara, lan maca, nulis pancen nduweni keunggulan dhewe. Kanthi nulis, wong bisa medharake babagan kang ora bisa kaucap, jumbuh karo apa kang ana ing pikirane, lan bisa dibolari-baleni sarta gampang anggone disebar. Kegiatan nulis bisa menehi mumpangat tumrap awake-dhewe, yaiku gawe jemih pikiran, nata kemampuan pikiran, ngatas trauma, mbiyantu antuk lan ngelingake marang informasi, mbiyantu mecahake masalah, lan liyaliyan.

Dene carane tulis paragraf deskripsi antarane ing ngisor iki.

a. **Nggoleki sawijining topik**

Kanggo tulis teks deskripsi kang trep, sira kudu nggoleki topik kang apik lan nyinauni topik kasebut kanthi apik. Supaya luwih gampang, cara paling apik anggone antuk idhe topik kang diangkat utawa ditulis ing wujud teks deskripsi yaiku ngamatil apa kang ana ing sakiwa tengen sira. Coba mlaku-mlaku ing omah, ruang tamu nganti dapur, delok kabeh kang ana, mesthi sira arep antuk babagan utawa objek kang apik kanggo ditulis deskripsi. Sabanjure sinaunen objek kang wis antuk mau. Kanggo nggampangake, coba tulisen pitakon ing ngisor iki kanggo nyinaoni objek kang sira-tulis.

- 1) Kepriye rasa, suara, ambune objek iku?
- 2) Pira ukurane?
- 3) Kepriye wujude?
- 4) Sepira abote?
- 5) Apa warnane?
- 6) Kepriye kahanane?

Rembakakna pitakon-pitakon ing ndhuwur nganti gamblang tumrap objek kang arep digawe tulisan deskripsi.

b. **Gawe cengkorongan teks deskripsi**

Sawise sira milih sawijining topik lan wis nggoleksi pira-pira detail topik kasebut, sira wis siap anggone nyusun teks deskripsi kanthi cengkorongan teks deskripsi secara kesar tulis bae topik utamane kanthi jengkep kang wis sira ngerten.

c. **Ngrembakakake cengkorongan teks deskripsi**

Cengkorongan teks kang wis sira gawe kudu dirembakakake dadi teks deskripsi kang wutuh. Panyusunane kudu urut cengkorongan kang digawe. Gunakna basa kang wijang lan dhiksi kang trep.

d. **Sunting teks deskripsi kang sira gawe**

Saiki wektune sira nyunting paragraf kasar kang wis ditulis. Konsentrasi bae marang panyusunan gamberan detail kang sira gawe. Apa ukarane wis cetha, logis, lan saben tulisane wis kasusun kanthi apik.

e. **Cek lan waca maneh teks deskripsi kang wis digawe**

Menawa teks deskripsi wis rampung katulis, banjur diwaca maneh. Menawa perlu njaluka panemu saka kanca sira ngenani teks kasebut. Sira uga bisa nggunakake saperangan pitakon ing ngisor iki kanggo ngecek tulisan deskripsi kasebut wis njangkepi sarat.

- 1) Apa paragraf wis diwiti kanthi ukara utama? Sawijining ukara utama ngenani objek kang arep dijentrehake secara detail.
- 2) Apa paragraf wis konsisten, cetha, lan spesifik?
- 3) Apa paragraf wis kasusun kanthi ukara jangkep?
- 4) Apa kabeh paragraf pandhukung kang ngisi gambaran lan panjentreh wis njentrehake ukara utama ing wiwit paragraf?
- 5) Apa sira wis ngurutake deskripsi kanthi apik lan logis?
- 6) Apa sira wis nutupi paragraf kanthi ukara kang narik kawigaten menawa objek kang sira deskripseka iku babagan kang spesial, istimewa, utawa unik, kang narik kawigaten?

2. **Nyunting Teks Deskripsi**

Sawise teks deskripsi disusun, perlu nyunting naskah kasebut. Nyunting teks deskripsi yaiku ndandani naskah utawa teks deskripsi saltemah samekta diandharake ana ngarepe para pamireng kanthi nggatekake ngengrengan panyajian isi, lan basa (nyangkut ejaan, dhiksi lan struktur).

Wacanen teks deskripsi ing ngisor iki kanthi premati!

Kain Lurik

Kain lurik tumrap masarakat Jawa minangka barang sing nduweni pangaji-aji. Kain lurik dening masarakat Jawa kango klambi. Nanging minangka klambi kain lurik nduweni makna. Kain lurik misangka simbol salah sawijining filosofi urip sing banget jero maknane.

Kain lurik kanthi ragam rerenggan garis jeleg nduweni simbol perilaku urip sing jeleg. Simbol perilaku urip jeleg nduweni makna manawa urip kudu nduweni sikap lan ati sing kebak kejujuran, katulusan, kaekhlasan. Wong Jawa kudu gelem nduweni perilaku urip sing jeleg jumbuh karo garising urip sing ditemokake dening Sang Maha Pancita.

Kain lurik sing prasaja anggone nggawi uga prasaja ing panganggone nduweni makna filosofi sing luhur banget. Manawa direnungae kanthi jero bakal ditemokake sepih Jerome makna kasebut. Masarakat Jawa ing pangunginan saben dina nduweni ungkapan sing prasaja nanging banget jero maknane.

Kain lurik sing misangka wansan budaya adiluhung mbiyene digawe kanthi maneka warna matif sing mestii wae kebak lan kenthel ngenani makna piniji. Saka wiwitan pakaryan kebak upacara adat, banjur nalika nenun ngantil dad kebak marang pangarep-arep lan filosofi timantu.

Tindakno tugas ing ngisor iki kanthi mandiri!

1. Wacanen ing dhuwur kasebut apa wis jangkepi sarat panulis teks deskripsi sing bener?
2. Revisi lan sutingen supaya dadi teks kang sampurnal
3. Lapurna asil tugas katur guru supaya antuk pambiji!



Keterangan Sawetara

Penganggon Jawa utawa busana Jawa iku dumadi saka blangkon, beskap, jank, sabuk, epek timang lerep, kens, cemela/selop nduweni filosofi sing luhur.



Pungkasan

Busana Jawa iku duweke wong Jawa, gelem ora gelem, seneng ora seneng wong Jawa kudu gelem nglestarekake. Teks deskripsi yaiku teks kang nggambareke sawijining objek, gagasan, papan, utawa prastawa kanthi rincin marang pance.

Titikane teks deskripsi: antarane

- 1) Nggambareke sawijining babagan
 - 2) Panngambaran kasebut dilakoke gamblang mituntuk kesan indra.
 - 3) Gawe pamaca utawa pamireng ngrasakake dhewe utawa ngalami dhewe.
- Sarat paragraf kang trep yaiku:
- 1) kesatuan (nyawi)
 - 2) kepaduan (jumbuh)

PANDADARAN

- A. Wenehana tandha (x) ing salah sawijining aksara a, b, c, d, utawa e, yaiku wangsuhan sing koanggep paling benar!

1. Busana Jawi saliyane werna ireng iku lumrahe diarani
 - a. busana basahan
 - b. busana padintenan
 - c. busana merdika pantes
 - d. busana luwesan
 - e. busana makarya
2. Para abdi dalem lan kawula alit lumrahe trepe manganggo busana Jawi
 - a. takwa
 - b. surjan
 - c. beskap
 - d. sikepan
 - e. ateia
3. Tembung "bathik" dumadi saka dhapukaning tembung
 - a. ambo titik
 - b. ambu titik
 - c. amba titik
 - d. amba thithik
 - e. ambu thithik
4. Bathik Indonesia, kabeh wae wus ditetepake minangka "Warisan Kamanungsan kango Budaya Lisan lan Nonbendawi" dening bebadan donya
 - a. WHO
 - b. UNICEF
 - c. ILO
 - d. UNESCO
 - e. IMF
5. Bathik sing digarap langsung migunakake tangan diarani
 - a. bathik cap
 - b. bathik celup
 - c. bathik jumputan
 - d. bathik prenting
 - e. bathik tulis
6. Piranti kanggo gawe pola nalika gawe bathik tulis diarani
 - a. potelot
 - b. sepedhol
 - c. bulpen
 - d. canthing
 - e. gerip
7. Lilin sing kanggo nutup pola nalika gawe bathik tulis iku diarani
 - a. malam
 - b. gambir
 - c. tetes
 - d. legen
 - e. tawas
8. Piranti kanggo nyampirake kain sing lagi dibathik iku diarani
 - a. jagrak
 - b. anjang-anjang
 - c. gawangan
 - d. sampiran
 - e. palangan
9. Nemplekake lilin ana ing kain sing wis digawe pola iku diarani
 - a. nglorot
 - b. nglowong
 - c. nembock
 - d. medel
 - e. mbironi
10. Sajroning gawe bathik tulis ana sawijining tahapan sing diarani medel, yaiku
 - a. gawe pola ana kain mori
 - b. nempleke malam ana pola sing digawe
 - c. nutup begean sing tetep nduweni werna putih
 - d. nyelup kain sing wis ditutup malam ana ing pawarna dhasar
 - e. ngilangi malam ana kain
11. Proses kang pungkasen sajroning gawe bathik tulis yaiku ngilangi malam nganggo banyu panas, iku diarani
 - a. nyoga
 - b. ngerok
 - c. mbironi
 - d. medel
 - e. nglorod
12. Cakrik bathik sing nggambarake 4 tenaga alam, yaiku
 - a. Cakrik Cemukiran
 - b. Cakrik Sidamukti
 - c. Cakrik Kawung
 - d. Cakrik Parang
 - e. Cakrik Truntum

13. Motif batik sing ngambarake tanduran kang mrambat sing nduweni makna semi utawa tuwuh minangka lambang kasuburan, karmakmuran lan isen-isene jagad ...
 a. Cakrik Semen
 b. Cakrik Sidahuur
 c. Cakrik Sidamulya
 d. Cakrik Sidamukti
 e. Cakrik Sidaasih
14. Sing kondhang dadi dhaerah sentra kain lurik yaiku ...
 a. Delanggu
 b. Laweyan
 c. Cawas
 d. Pedan
 e. Wanasan
15. Motif lurik yaiku motif lajuran sing gunggung pitu, dumadi seka saperangan kang dumadi seka patang lajur, lan sing saperangan maneh kanthi telung lajur, diarani ...
 a. motif telupat
 b. motif roma
 c. motif jinem
 d. motif luma
 e. motif patma
16. Perangane penganggon adat Jawa sing dienggo ana ing sirah iku diarani ...
 a. caping
 b. kupluk
 c. kethu
 d. kudhung
 e. udheng
17. Rasukan adat Jawa utawa busana adat Jawa umum/kaprah diarani rasukan kejawen iku ana warna-warna kaya ing ngisor iki, kajaba ...
 a. takwa
 b. surjan
 c. beskap
 d. jas
 e. atela
18. Setagen ing perangane busana adat Jawa gunane minangka
 a. paningset
 b. pepatut
 c. jejangkep
 d. pepak-pepak
 e. rerenggan
19. Panganggone sabuk ing busana adat, awa iku, kaya dene unen-unen
 a. mucuk en
 b. mucuk bung
 c. mucuk keris
 d. mucuk mancung
 e. mucuk tumbak
20. Sabuk dikencengi perangane busana kang diarani ...
 a. angkin
 b. setut
 c. epek timang
 d. pasikon
 e. ulur-ulur
21. Perangane busana sing kango bebedan iku diarani ...
 a. sindur
 b. slendhang
 c. sampur
 d. sinjang
 e. kemben
22. Janik sadununge dienggo bebedan iku kudu ...
 a. dipenatu
 b. dikanji
 c. diwenter
 d. disetika
 e. diwru
23. Sawise manganggo busana banjur manganggo wangkingan sansaya gagah. Wangkingan basane ngoko yaiku ...
 a. keris
 b. lading
 c. pedhang
 d. tumbak
 e. peso
24. Motif Udan nis tegese udan grimis nduweni makna kaya ing ngisor iki, kajaba ...
 a. lambang kasuburan
 b. lambang kemarmuran
 c. lambang katentreman
 d. lambang kaluhuran
 e. lambang kasekten
25. Giri lusi janma tan kena ingina, tegese paribasan iki
 a. seneng ngina marang sapadha-padha
 b. seneng diina dening wong liya
 c. seneng tumindak kang ina
 d. ora kena ngasorake martabate liyan
 e. kena ngasorake martabate liyan

26. Ambune arum jamban, sanepa iki tegese ...
a. ambune sedhep banget
b. ambune seger banget
c. ambune wangi banget
d. ambune arum banget
e. ambune badheg banget
27. Pepindhan sing kliwat utawa keladuk, iku klebu lelewé basa
a. metafora
b. *Klimak*
c. hiperbola
d. ironi
e. personifikasi
28. Paradhoks pratelan kang kosokbalen kara kaanane, kayata
a. najan sugih ora tau seneng atine
b. najan sugih seneng weweh
c. najan sugih seneng atine
d. najan sugih akeh kancane
e. najan sugih ora tau lara
29. Panganggon sing dienggo kanggo lamakan siki diarani
a. sepatu
b. theklek
c. bakiyak
d. cenela
e. tlumpah
30. Busana Jawi kang baku iku warnane ...
a. ireng
b. putih
c. abu-abu
d. soklat
e. kembangan

B. Tindakno tugas ing ngisor iki kanthi jumbuh karo parintah!

Iseenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi tembung wangulan sing pratiti!

1. Rasukan minangka perangane busana Jawa sing dienggo dening kawula alit iku diarani
2. Perangane busana Jawa kang minangka lambanging prandel tumrap wong priya, yaiku
3. Undhaking warta suda tegese pawarta iku luwih akeh katimbal asale.
4. Rasane legi , tegese pali banget.
5. Unen-unen kang nyritakake kosok-baléen kara rada ngece, yaiku lelewaning basa.

Wangulan pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi pratiti!

1. Pangandika Dalem Suwarga Hingkang Sinuwun Kangjeng Susuhunan Pakoe Boewana Kaping X, ngenani busana Jawa iku kepiye?
2. Busana Jawa kanggo wong priya iku perangane apa bae?
3. Kain turik iku lanikane jejeg iku nduweni filosofi apa?
4. Jlentrehke apa sing diarani sanepa iku?
5. Terangake apa sing diarani paribasan iku?

BAB 4

TEKS EKSPOSISI BABAGAN GAMELAN JAWA

Komponen Silabus

Kompetensi Inti

1. Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dinamika
2. Menghayati, mengamalkan perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (gotong royong), kerjasama, toleran, damai, santun, responsif dan proaktif dan menunjukkan sikap sebagai bagian dari solusi atas berbagai permasalahan dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam serta dalam memerlukan diri sebagai warga negara dalam pergaulan dunia.
3. Memahami, menerapkan, menganalisis dan mengevaluasi pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, dan metakognitif berdasarkan rasa ingat/tahuannya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan perdamaian terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kejurian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah
4. Mengolah, menulis, menyajikan dan menciptakan dalam ranah konkret dan ranah abstrakt/kohesi dengan pengembangan dari yang dipelajarinya di sekolah secara mandiri serta bertindak secara efektif dan kreatif, dan mampu menggunakan metoda sesuai keadaan keliruan

Kompetensi Dasar

- 1.4. Menerima, mensyukuri, menghayati, dan mengamalkan anugerah Tuhan berupa berbagai Jawa dalam bentuk teks eksposisi tentang gamelan
- 2.4. Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (gotong royong), kerjasama, toleran, damai, santun, responsif, dan proaktif dalam mengamalkan bahasa Jawa melalui teks eksposisi tentang gamelan
- 3.4. Merelasi teks eksposisi tentang gamelan
- 4.4. Menulis teks eksposisi tentang gamelan

Pendahuluan



Miturut panemu sira, nyinau basa Jawa iku gampang apa angel? Menawa angel, apa kang nilai atau basa Jawa kuwi mau angel disinaun? Sinau basa Jawa iku ora angel menawa para sira sregep maca lan nduweni kekarepan uga minet kanggo mangerteni kawruh basa Jawa:

Saliyané ngrembug babagan unggah-ungguh, undha tsuk, lan sapiturute, ing piwuangan basa Jawa iku sira sinau bab laté basa. Ing kene, sira bakal nyinauni babagan ukuran lan struktur fungsi ukara

Ukara-ukara mbu kakandhu sajroning teks utawa wacan kang kudu diarani teks eksposisi? Kepriye struktur lan paugeran kang ana ing teks eksposisi? Kanggo mangerteni struktur, paugeran, titik, lan sapiturute saka teks eksposisi, mula ayo disinauni bareng-bareng ing wulangan iki!

A. Teks Eksposisi

Teks eksposisi yaiku jinis pengrembakan paragrap ing sajroning wacan kang nduwensi ancas ngandharake, njentrehake, menehi pangerten, lan menehi pawarta babagan salah sawijining bab kanthi basa kang gampang, genah, cekak, lan gamblang kanthi objektif ngenani salah sawijining bab. Saliyane nduwensi ancas kasebut, teks eksposisi uga nduwensi kagunan njentrehake langkah-langkah utawa urut-urutan ing sawijining kegiyatan, lan proses dumadihe sawijining prastawa, kayata urut-urutane niggawe kembang hias, nggawe tas saka limbah plastik, lan sapiturute. Ciri utawa titikane teks eksposisi, antarane ing ngisor iki.

1. Ngemot gagasan utawa penemu lan nduweni keyakinan marang teks kang diandharake.
2. Tulisan asipat objektif. Tulisan iku mau nduwensi tujuan menehi pawarta utawa informasi marang pamaca babagan wacan kang diandharake tanpa nduwensi karep menawa pamaca kudu nyelujoni apa kang dadi panemune panulis ing teks iku.
3. Tulisan ing teks eksposisi adhedhasar data lan kasunyatan.
4. Disengkuyung dening anane analisis.
5. Nggunakake basa kang baku lan ukara efektif.

Teks eksposisi yaiku salah sawijining teks kanggo medharake idhe utawa panemu kanthi objektif ngenani bab kang sajrone bab iku ngandhut panemu-panemu kanggo nguwatake salah sijine panemu kasebut. Dene struktur utawa susunan saka teks eksposisi kapantha dadi telu, yaiku tesis, argumentasi, lan penegasan ulang.

1. Tesis

Tesis yaiku perangan kang isine sudut pandhang panulis marang prakara kang dirembuk. Tesis bisa awujud ukara baku kang ana ing pembukane teks kang disengkuyung kaliyan ukara-ukara ana ing saburine ukara baku. Ing sajrone teks eksposisi, perangan iki minangka perangan kang wigati kang kadhang diambil maneh ing pungkasane teks. Bab kaya mangkono kuwi mau kang sinebur penegasan ulang.

2. Argumentasi

Argumentasi yaiku wujud saka alesan utawa bukti kang digunakake kanggo nguwatake pendhapat utawa panemu ing sajrone tesis kanthi pangerten-pangerten kang umum, utawa bisa uga awujud asile data kang ditemokake dening paneliti, pendhapat-pendhapat saka ahli, lan kasunyatan-kasunyatan adhedhasar sumber kang bisa dipracaya.

3. Penegasan ulang/dudutan

Penegasan ulang/dudutan yaiku bagean paling pungkasane saka struktur teks eksposisi. Perangan iki ngandhut ukara dudutan kang nerangake maneh tesis kang wis diwedharaake ing pembukane teks lan dibuktikake sarta disengkuyung dening unsur argumen.

Wacanen teks eksposisi ing ngisor iki kanthi premathil!

Gamelan

Gamelan iku salah sijine seni musik tetabuhan tradisional asli Jawa. Tembung gamelan dhéwé iku asalé saka basa Jawa yaiku "gamel" kang duwé makna "tabuh". Isi gamelan iku saprangkai piranti musik sing dienggo ngiring tembang, utawa ditabuh tanpa tembang minangka klenéngan.

Gamelan kalebu perangan ing kultidayan Jawa. Ing Jawa gamelan biyasané kanggo musik pangiring pagelaran wayang kulit utawa ringgit, tar, uyon-uyon.

Jenis gamelan ana maneka wama, kayata:

1. Gamelan manut laras dumadi saka:
 - a. Gamelan laras Siendo
 - b. Gamelan laras Pelog
2. Gamelan manut ayahane dumadi saka:
 - a. Gamelan minangka pamurba irama
 - b. Gamelan minangka pamengku irama
 - c. Gamelan minangka pamurba lagu
 - d. Gamelan minangka pamengku lagu
3. Gamelan manut kaperluane dumadi saka:
 - a. Gamelan kanggo Karawitan merdeka (gamelan gedhe, gamelan uyon-uyon (kerenggan), gamelan Bonongan, gamelan Cokakakan (Gathlon), gamelan Siteran,
 - b. Gamelan kanggo ngiring Tar (gamelan Gedhe, gamelan Bedhayana),
 - c. Gamelan kanggo ngiring Wayang (gamelan wayang kulit, gamelan wayang Wong),
 - d. Gamelan kanggo Pakurmatan (gamelan Sekati, Gamelan Monggang, gamelan Kodhokngorek, gamelan Corobalen).

4. Gamelan manut racikan dumadi saka:
- | | | |
|-------------------|-----------------------|----------------------|
| a. Rebab | h. Saron demung | o. Clempung |
| b. Kendhang | i. Saron barung | p. Siter |
| c. Gender barung | j. Saron penerus | q. Siter penerus |
| d. Gender penerus | k. Kentong | r. Gambang |
| e. Bonang barung | l. Kemplul | s. Suling |
| f. Bonang penerus | m. Gong | t. Keprik lan kopyak |
| g. Senthem | n. Ketuk lan kemoyang | |

az.

1

2

Gladhen Mandhiri 8

Garapen tugas iki kanthi mandhiri!

Goleka teks eksposisi ngenani gamelan ing ariwarti, kalawarti, utawa internet! Tintingana struktur teks eksposisi kasebut kanthi bener, banjur andhama maneh isine nggunakake ukaramu dhewel Garapen ing buku tugas, banjur lapurna asile katur guru supaya antuk pambil!

B. Nemokake Pokok-Pokok Wos Teks Eksposisi

Paragrap yaiku perangan saka salah sawijining teks kang kasusun saka ukara-ukara kang medharake informasi kanthi ukara baku minangka pokok pikiran, lan disengkuyung dening ukara-ukara liyane. Kanthi nitik pokok pikiran kang ana ing saben paragrap ing sajroning teks utawa wacan, kita bisa nerntokake isi kang kaandhut ing wacan mau. Miturut papan panggonane ukara baku, paragrap kaperang dadi telung jenis, yaiku:

1. Paragrap induktif

Paragrap iki ukara bakune manggon ing pungkasane paragrap.

2. Paragrap deduktif

Ukara bakune paragrap iki manggon ing awal utawa wiwitane paragrap.

3. Paragrap campuran (induktif-deduktif)

Ukara bakune paragrap iki mapan ing ngarep lan pungkasan paragrap. Paragrap kang ukara bakune manggon ing ngarep lan diambali maneh iang pungkasan, biyasane nduweni makna kang padha.

Wacanen kanthi bathin teks eksposisi ing ngisor iki kanjur tentokake isi kang kaandhut sajroning teks kasebut.

Gamelan Sajroning Tembang

Kang cinakup seri budaya Jawa, rupa-rupa kaalamun piagetan, basa lan sastra Jawane, sarta macapatipun, krawitan gamelan ug, tuhu ngandhut fatastah, ingkang nyata agung, tumrap jeiring manungsa, dadi lepa palupi ala lan bedh, ing kauppanira.

Dene seri gamelan puniki, yasan dalem Sultan Kalijaga, kang kebak tuladhané, becik dadi panuntun, kanggo nggayuh urip utami, ingkang wus manjing dadya, kapribaden luhur, tumanduk mning bangsa kita, mangga sami nglekuli budaya Jawa, namrh teguh santosa.

Jeneng GAMBANG ingkang mengku werdi, mbanyu mili kentir aneng sendhang, ngregengi tetabuhane, iir angin kang tumiyup, saya ngrangin rhenggeng gendhing, lamun bahan wilahan, asal saking kayu, milih manggih hayu raha-raja, wit jatining urip mung ngudi basuki, donya pracieng delahan.

KEMPUL lumrah ingaran alit, mengku tetapsiran pirang-pirang, saka pakem sayekline, gandheng lan lembung kumpul, werdine gya samya nyawiji, manunggal cipta karsa, nut ugeranipun, iku tumraping agama, pranatan kang dadi wewatoning urip, ingkang milih raha-raja.

Kalamun GONG kang araneki, wujud gamelan kang paling harda, memper kempul ingkang gedhe, dumadi saking prunggu, tinabuhing penutup gendhing, landha mungkasi pada, mangka werdinipun, yen gesang sempuri pinungkas, dhawah ing gong wangsal ing kasidan jati, sepuh tahapi mudha.

Swarane gamelan iku mawa piwulang sinandhi.

